


# ХЪЫБАРЫФIЫР МАРК КЪЫЗЭРИIУЭТАР

## 1-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*УмэхъакIуэ Иуан и уазыр*
*(Маттэ 3:1-12; Лука 3:1-9, 15-17; Иуан 1:19-28)*

Тхьэм и Къуэ Хьисэ Мэссихь теухуа хъыбарыфIым мыпхуэ-
дэу къыщIедзэ.
2 Тхьэм мыпхуэдэу къызэрыжиIэр бегъымбархэм я тхылъхэм
итщ:

«Мис, сэ си мелыIыч уяпэ къиххуэу ныззогъакIуэ;
абы уи гъуэгур пхуигъэпсынущ.
3Абы и джэ макъыращ*
мыпхуэдэу жиIэурэ губгъуэ нэщIым къыщыIур:
Зиусхьэным гъуэгур хуэвгъэпси,
лъагъуэхэр захуэ хуэфщI».

---

1:3 Абы и джэ макъыр аращ – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 40:3.

4 Тхьэм зэрыжиIам тету, умэхъакIуэ* Иуан, губгъуэ нэщIым къыщыхутауэ, цIыхухэр Тхьэм и псалъэхэм иригъэдаIуэурэ, мыпхуэдэу жиIэрт:

– Фи гуэныхьхэм фахущIегъуэжи, зызвгъэумэхъ, Тхьэм ахэр къыфхуигъэгъун щхьэкIэ.

5 Иудей хэку псом ис цIыхухэри Ерусалим дэс цIыху псори Иуан деж кIуащ. Гуэныхьу ящIамкIэ заумысыжурэ, Иордан псым Иуан зыщрагъэумэхъащ абыхэм. 6 Иуан махъшэцым къыхэщIыкIа щыгъын щыгът, и бгым фэ бгырыпхи щIэлът, мацIэрэ губгъуэ форэ ишхырт. 7 Тхьэм и псалъэхэм цIыхухэр иригъэдаIуэурэ, мыпхуэдэу жиIэрт:

– Сэр нэхърэ нэхъ лъэкIыныгъэшхуэ зиIэ гуэр си ужькIэ къэкIуэнущ. Зезгъэзыхыу, абы и вакъэ лъэпсхэр хуэстIэтэнуи схуэфащэкъым сэ. 8 Сэ псымкIэ фызумэхъащ, ауэ абы Тхьэм и Псэ ЛъапIэмкIэ фиумэхъынущ.

### *Иуан Хьисэ зэриумэхъар*

*(Маттэ 3:13-17; Лука 3:21-22)*

9 Галилей хэкум щыщ Назарет къалэм а махуэхэм къыдэкIри, Хьисэ Иордан псым деж Иуан зыщригъэумэхъащ. 10 Псым къыщыхэкIыжым, уафэр зэгуэкIри, Тхьэм и Псэ ЛъапIэр, тхьэрыкъуэ теплъэ иIэу, къызэрыхуехар илъэгъуащ Хьисэ. 11 Уафэм зы макъ къиIукIащ:

– ФIыуэ слъагъу си Къуэ щIасэу си гум ирихьыр уэращ.*

### *Гуэныхь иригъэлэжьын щхьэкIэ, шейтIаныр Хьисэ и ужь зэритар*

(Маттэ 4:1-11; Лука 4:1-13)

12 Тхьэм и Псэ ЛъапIэм Хьисэ губгъуэ нэщIым ишащ абы и ужькIэ. 13 Хьисэ гуэныхь иригъэлэжьыну шейтаныр и ужь къитурэ, Хьисэ махуэ плIыщIкIэ губгъуэ нэщIым къыщикъухьащ. ХьэкIэкхъуэкIэхэм яхэтт, мелыIычхэми Iуэхутхьэбзэ къыхуащIэ хъуащ Хьисэ.

---

1:4 умэхъыныр – еплъ Маттэ 3:1.

1:11 ФIыуэ слъагъу . .. си гум ирихьыр уэращ – еплъ Маттэ 3:17.

*Хьисэ и лэжьыгъэр Галилей хэкум зэрыщиублар*
*(Маттэ 4:12-17; Лука 4:14-15)*

14 ЦIыхухэр зыумэхъ Иуан лъэхъуэщым щIадза нэужь,* Га-
лилей хэкум кIуэри, Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм теухуа
хъыбарыфIыр цIыхухэм яхуиIуатэу щIидзащ Хьисэ:
15 – Махуэр къэсащ, Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр* къэблэгъащ;
фи гуэныхьхэм фахущIегъуэжи, хъыбарыфIыр фи фIэщ фщIы,
– жиIэрт абы.

*И гъуэгу ирикIуэн щжьэкIэ Хьисэ бдзэжьеящиплIыр*
*къызэрыхуриджар*
*(Маттэ 4:18-22; Лука 5:1-11)*

16 Галилей гуэлым и Iуфэм Iуту кIуэурэ, Хьисэ Симонрэ абы
и къуэш Индрисрэ хъыр псым хадзэу илъэгъуащ, ахэр бдзэ-
жьеящэти. 17 Хьисэ абыхэм яжриIащ:
– Си ужь фыкъиувэ. Бдзэжьей къэвубыдын папщIэ, я ужь
фызэритам ещхьу, си гъуэгу къытевгъэхьэн щхьэкIэ, цIыхухэм
я ужь фызэрихьэнур фэзгъэщIэнущ.
18 Яхъхэр асыхьэтым къагъанэри, Хьисэ и ужь иуващ ахэр.
19 Хьисэ адэкIэ кIуэурэ, Зеведей и къуэхэу Екъубрэ Иуанрэ,
кхъуафэжьейм ису, яхъхэр ягъэхьэзыру ирихьэлIащ. 20 Хьисэ ахэ-
ри къриджащ асыхьэтым. Я адэ Зеведеймрэ абы и лэжьакIуэ-
хэмрэ кхъуафэжьейм къранэри, Хьисэ и ужь иуващ ахэр.

*Хьисэ лIы гуэрым жин бзаджэр зэрыхихуар*
*(Лука 4:31-37)*

21 Хьисэ Капернаум къалэм дыхьащ итIанэ. Щэбэт махуэр
къыщысым, синэгуэгум щIыхьэри, цIыхухэм Тхьэм и псалъэхэр
яригъащIэу щIидзащ Хьисэ. 22 Хьисэ Iуэхугъуэхэр зэраригъа-
щIэу щыта щIыкIэр ягъэщIэгъуащ цIыхухэм, торэт егъэджакIуэ
пашэхэм яхуэмыдэу, тепщэныгъэшхуэ иIэу, цIыхухэм Тхьэм и
гъуэгур яригъащIэрти. 23 Жин бзаджэм иIыгъ лIы гуэр синэ-
гуэгум напIэзыпIэм къыщыхутэри къэкIиящ:

1:14 Иуан лъэхъуэщым щIадза нэужь – еплъ Маттэ 4:12.
1:15 Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр – еплъ Маттэ 3:2.

24 – Сыт уи Iуэхуу дэ къытхэлъыр, Назарет щыщ Хьисэ? Дыб-
гъэунэхун щхьэкIэ укъэкIуа уэ? Уэ хэт ущыщми, сощIэ. Тхьэм
къыбгъэдэкIа ЛъапIэр уэращ.
25 – Щыгъэт, мы лIым къыхэкIыж, – жиIащ Хьисэ, жин бза-
джэм егийри. 26 Жин бзаджэм лIыр игъэкIэзызщ, макъышхуэкIэ
къыхэкIийри, лIым хэкIыжащ.
27 ЦIыхухэм ар щалъагъум, псоми икъукIэ ягъэщIагъуэри,
зэжраIэжащ:
– Мыр сыт? ЦIыхухэм IуэхущIэхэр ярегъащIэ. Тепщэныгъэ-
шхуэ иIэу, жин бзаджэхэми унафэ яхуещIри, зрегъэдаIуэ.
28 Арати, Хьисэ теухуа хъыбарыр Галилей хэку псом дэнэкIи
псынщIэу щызэлъащIысащ.

*Хьисэ цIыху куэд зэригъэхъужар*
*(Маттэ 8:14-17; Лука 4:38-41)*

29 Синэгуэгум къызэрыщIэкIыжу, Екъубрэ Иуанрэ я гъусэу,
ахэр Симонрэ Индрисрэ я унэм кIуащ. 30 Симон и щыкъу анэр
плъыржьэру пIэм хэлът. Ар зэрысымаджэр Хьисэ асыхьэтым
къыжраIащ. 31 Хьисэ абы деж кIуэщ, и Iэр иубыдри къи-
гъэтIысащ. Плъыржьэрыр щхьэщыкIщ, къызэфIэувэжри, абы
хьэщIагъэ къарихащ.
32 Пщыхьэщхьэм дыгъэр къухьа нэужь, сымаджэхэмрэ жин
бзаджэм иIыгъ цIыху псомрэ Хьисэ къыхуашащ. 33 Къалэм дэс
псори бжэIупэм къыщызэхуэсащ. 34 Хьисэ узыфэ зэмылIэужьы-
гъуэ куэд зэфыкI сымаджэ Iэджи игъэхъужащ абы щыгъуэ, жин
бзаджэ куэди цIыхухэм яхихуащ, ауэ жин бзаджэхэр къэпсэ-
лъэну хуит ищIакъым, ар зэры-Мэссихьыр ящIэрти.

*Галилей хэкур къызэхикIухьурэ, Хьисэ*
*Тхьэм и псалъэхэм цIыхухэр иригъэдаIуэу зэрыщытар*
*(Лука 4:42-44)*

35 Пщэдджыжьым жьыуэ къэтэджщ, къалэм дэкIщ, щIыпIэ
пхыдза гуэрым кIуэри, Хьисэ Тхьэм елъэIуащ. 36 Симонрэ абы
и гъусэхэмрэ Хьисэ лъыхъуэну дэкIащ. 37 Къыщагъуэтыжым,
жраIащ:
– Уэ цIыху псоми укъалъыхъуэ.

[38] – Гъунэгъу жылэхэми къалэхэми дывгъакIуэ, абыхэми цIы-
хухэр Тхьэм и псалъэхэм щезгъэдэIуэн щхьэкIэ, – яжриIащ
Хьисэ, – аращ сэ сыкъыщIэкIуар.

[39]Галилей хэку псори къызэхикIухьурэ, я синэгуэгухэм цIыху-
хэр Тхьэм и псалъэхэм щригъэдаIуэрт Хьисэ, жин бзаджэхэри
цIыхухэм яхихурт.

*Уэшын уз зыпкърыт лIы гуэр Хьисэ зэригъэхъужар*
*(Маттэ 8:1-14; Лука 5:12-16)*

[40] Уэшын уз зыпкърыт лIы гуэр Хьисэ къыбгъэдыхьэщ, лъэ-
гуажьэмыщхьэу къэтIысри къелъэIуащ:

– Ухуеймэ, сыбгъэхъужыфынущ.

[41]Абы гущIэгъу хуищIу и Iэр ишийщ, теIэбэри, Хьисэ жиIащ:

– Сыхуейщ, узыншэ хъуж!

[42]Уэшын узыр асыхьэтым щхьэщыкIри, лIыр узыншэ хъу-
жащ.

[43]Хьисэ ар щиутIыпщыжым быдэу жриIащ:

[44] – Сакъ, мыр зыми хуумыIуэтэж, ауэ дин пашэм деж кIуэи,
зыкъегъэлъагъу. Мусэ бегъымбарым и унафэм тету къурмэн
щIы узэрыхъужам щхьэкIэ. Ар узэрыхъужамкIэ цIыхухэм я
пащхьэм щыхьэт щыхъунущ.

[45]Ауэ а лIыр ежьэри, къэхъуа псори жиIэжурэ, зэрыхъужа
щIыкIэм и хъыбарыр цIыхухэм яхуиIуэтэжащ. Абы къыхэкIкIэ,
цIыхухэм къалъагъуу Хьисэ къалэ гуэри дыхьэ хъунутэкъым,
щIыпIэ пхыдзахэм щыIэт. Ауэ дэни къикIыурэ, цIыхухэр абы
деж къакIуэрт.

## 2-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Пкъыуэ хъуа лIы гуэр Хьисэ зэригъэхъужар*
*(Маттэ 9:1-8; Лука 5:17-26)*

Махуэ заул дэкIауэ, Хьисэ Капернаум къалэм къыщигъэзэ-
жым, ар унэм къызэрыкIуэжар цIыхухэм зэхахащ. [2] Щызэха-
хым, апхуэдизкIэ цIыху куэд къызэхуэсати, бжэIупэм увыпIэ

имыIэж хъуащ икIи Тхьэм и псалъэхэм цIыхухэр иригъэдаIуэу
щIидзащ Хьисэ. [3]Абы ирихьэлIэу, цIыху зыбжанэ къэкIуащ;
абыхэм ящыщ цIыхуиплIым пкъыуэ хъуа лIы гуэр къахьырт.
[4] ЦIыхухэр апхуэдизкIэ Iувти, сымаджэр Хьисэ бгъэдахьэн
яхузэфIэкIакъым. Апхуэдэу щыхъум, унащхьэм драхьейщ,
Хьисэ здэщыIэм деж унащхьэм щыщ трахри, сымаджэр алэ-
рыбгъум телъу ирагъэлэлэхащ. [5]Абыхэм я фIэщхъуныгъэр
щилъагъум, Хьисэ пкъыуэ хъуа лIым жриIащ:

– Си щIалэ, уи гуэныхьхэр къыпхуэгъуащ.

[6] Торэт егъэджакIуэ пашэхэм ящыщ гуп абдежым щысти,
ягукIэ жаIащ:

[7] – Мы лIым апхуэдэу щIыжиIэр сыт? Абы Тхьэр игъэпцIыр-
къэ? Тхьэм фIэкI, гуэныхьхэр хэт игъэгъун зылъэкIынур?

[8]Абыхэм я гум илъыр асыхьэтым игукIэ ищIэрти, Хьисэ
яжриIащ:

– Сыт апхуэдэ фигукIэ щIыжыфIэр фэ? [9] Сытыра нэхъ тын-
шыр: пкъыуэ хъуа лIым, «Уи гуэныхьхэр къыпхуэгъуащ» жепIэ-
нира, хьэмэрэ «Къэтэдж, уи алэрыбгъур къащти, ежьэж» же-
пIэныра? [10]ЦIыху Лъэпкъым и Къуэм* гуэныхьхэр игъэгъуну
дунейм тепщэныгъэ зэрыщиIэр къэфщIэн щхьэкIэ, – жиIэщ,
Хьисэ пкъыуэ хъуа лIым зыхуигъазэри, жриIащ:

[11] – Сэ ныбжызоIэ, къызэфIэувэ, уи алэрыбгъур къащти, уи
унэ кIуэж.

[12]ЛIыр асыхьэтым къэтэджщ, и алэрыбгъур асыхьэтым
къищтэжри, цIыху псоми ялъагъуу, унэм щIэкIыжащ. Ар псоми
икъукIэ ягъэщIагъуэу, икIи Тхьэм щIыхь хуащIу, жаIащ:

– Мыпхуэдэ Iуэху зэи тлъэгъуакъым дэ!

### *И гъуэгу ирикIуэну, Хьисэ Левий къызэрыхуриджар*

*(Маттэ 9:9-13; Лука 5:27-32)*

[13]Хьисэ Галилей гуэлым и Iуфэм Iухьэжащ аргуэру. ЦIыху
гупышхуэ къэкIуащ, Тхьэм и псалъэхэр абыхэм яригъащIэу
щIидзащ Хьисэ. [14] ИтIанэ адэкIэ кIуэурэ, Алфей и къуэ Левий
хьэкътын ахъшэр* щыхах унэм деж щысу илъагъури жриIащ:

– Си ужь къиувэ.

Левий къэтэджри, Хьисэ и ужь иуващ.

---

2:10 ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр – еплъ Маттэ 8:20.

2:14 хьэкътын ахъшэр – еплъ Маттэ 5:46.

[15] ИтIанэ Хьисэ Левий и унэм здыщIэсым, хьэкътын ахъшэр
хэзыххэмрэ гуэныхьыщIэхэмрэ куэд хъуауэ, Хьисэрэ абы и
гъуэгу ирикIуэхэмрэ ядэшхэрт. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Хьисэ и
ужь иту къэкIуахэр цIыху куэд хъурти, аращ. [16] Фарисейхэм
ящыщ торэт егъэджэкIуэ пащэхэм Хьисэ хьэкътын ахъшэр
хэзыххэмрэ гуэныхьыщIэхэмрэ ядэшхэу щалъагъум, Хьисэ и
гъуэгу ирикIуэхэм жраIащ:

– Хьэкътын ахъшэр хэзыххэмрэ гуэныхьщIэхэмрэ сыт ар щIадешхэр?

[17]Ар щызэхихым, Хьисэ жиIащ:

– Узыншэхэракъым дохутыр хуэныкъуэр, атIэ сымаджэхэращ. Щыпкъагъэ зигу илъ цIыхухэр къезджэн папщIэкъым сыкъыщIэкIуар, атIэ гуэныхь зыщIэхэр я гуэныхьхэм хущIегъуэжыным къыхуезджэн щхьэкIэщ.

*НэщIым теухуауэ журт пашэхэр Хьисэ къызэреупщIар*

*(Маттэ 9:14-17; Лука 5:33-39)*

[18] УмэхъакIуэ Иуан и гъуэгу ирикIуэхэмрэ фарисейхэмрэ нэщI
ист.* ЦIыху зыкъом къакIуэри, Хьисэ къыжраIащ:

– Иуан и гъуэгу ирикIуэхэмрэ фарисейхэм я гъуэгу ирикIуэхэмрэ нэщI исщ, уэ уи гъуэгу ирикIуэхэр щхьэ мынэщIрэ?

[19] – Щауэр я гъусэхукIэ, абы и гъусэхэм нэщIын ялъэкIыну?
Хьэуэ, щауэр я гъусэху, абыхэм нэщIын ялъэкIынукъым, – яж-
риIащ Хьисэ абыхэм. [20] – Ауэ щауэр абыхэм пэIэщIэ щащIыну
махуэхэр къэунэхунущ. Мис, а махуэм нэщI исынущ ахэр.

[21] – ЩэкIыщIэм щыщ щыдэжын зыми щыгъыныжьым щи-
дэжыркъым. Апхуэдэу ищIмэ, щэкIыщIэм щыщ щыдэжыным
щыгъыныжьыр зэфIитхъынурэ, гъуанэр нэхъ ин хъунущ.
[22]ФадэщIэр зыми фэнд тIорысэхэм иригъахъуркъым. Апхуэдэу
ищIмэ, фэндхэр зэгуитхъынурэ, фадэр къижынущ, езы фэнд-
хэри абы текIуэдыжынущ. ФадэщIэр фэндыщIэхэм ирагъахъуэн
хуейщ.

2:18 нэщI ист – еплъ Маттэ 9:14.

### *Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм гуэдз щхьэмыжхэр щэбэт махуэм къызэрыпачар*

*(Маттэ 12:1-8; Лука 6:1-5)*

23 Хьисэ гуэдз хьэсэхэм хэтурэ кIуэрт щэбэт махуэ гуэрым.
И гъуэгу ирикIуэхэр хьасэм здитым, гуэдз щхьэмыжхэр къы-
пачу щIадзащ. 24 Фарисейхэм Хьисэ къыжраIащ:
– Еплъыт, щэбэт махуэм хабзэкIэ пщIэ мыхъунур* мыбыхэм
щхьэ ящIэрэ?
25 – Даутрэ Даут и гъусэхэмрэ мэжэлIауэ гугъу ехь щыхъум,
абы ищIам феджакъэ? – яжриIащ Хьисэ. 26 – Авиафар зи цIэ
дин пашэшхуэм и зэманым Даут Тхьэм и унэм щIыхьэри, Тхьэм
и пащхьэм цIыхухэм иралъхьа щIакхъуэр ишхащ. ХабзэмкIэ
дин пашэхэм фIэкI нэгъуэщI гуэрым а щIакхъуэр ишх мыхъуну
щытащ, ауэ Даут ишхащ, и гъусэхэми яригъэшхащ.
27 Хьисэ яжриIащ итIанэ:
– Тхьэм щэбэт махуэр цIыхум щхьэкIэ игъэуващ, цIыхур щэ-
бэт махуэм щхьэкIэкъым къыщIигъэщIар. 28 Аращи, ЦIыху Лъэ-
пкъым и Къуэр щэбэт махуэм и зиусхьэнщ.

## 3-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

### *Зи Iэ лъэныкъуэр гъуа лIы гуэр Хьисэ зэригъэхъужар*

*(Маттэ 12:9-14; Лука 6:6-11)*

Хьисэ синэгуэгум аргуэру щIыхьащ. Зи Iэ лъэныкъуэр гъуа
лIы гуэр абы щIэтт. 2 Хьисэ а лIыр щэбэт махуэм игъэхъужы-
нумэ, фарисейхэр кIэлъыплъырт, зэрагъэкъуэншэн щхьэусыгъуэ
къагъуэтын щхьэкIэ. 3 Хьисэ зи Iэ гъуа лIым жриIащ:
– Къэтэджи, мы утыкум къиувэ.
4 Фарисейхэм яжриIащ итIанэ:
– Щэбэт махуэм фIы пщIэныра, хьэмэрэ Iей пщIэныра хабзэм
къезэгъыр, псэр мыкIуэду къебгъэлыныра, хьэмэрэ бгъэкIуэды-
ныра хабзэр?
Фарисейхэм заущэхужащ.

2:24 пщIэ мыхъунур – еплъ Маттэ 12:2.

[5]Абыхэм я ерыщагъыр игу къеуэщ, губжьауэ яхэплъэри, Хьи-
сэ лIым жриIащ:

– Уи Iэр къэший.

ЛIым и Iэр къишийри, адрей Iэм хуэдэу хъужащ. [6]Синэгуэгум
щIэкIыжауэ, абыхэмрэ пащтыхь Ирод и лъэужь ирикIуэхэмрэ*
Хьисэ ягъэкIуэдыну мурад ящIри, зэрагъэкIуэдыну щIыкIэмкIэ
асыхьэтым зэчэнджэщащ фарисейхэр абы щыгъуэм.

*ЦIыху гупышхуэр Хьисэ зэрыкIэлъыкIуар*

[7]Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэр щIыгъуу а щIыпIэм икIыжри,
Галилей гуэлым кIуащ. Галилей хэкум щыщ цIыху куэд Хьисэ
и ужь иуващ. [8]Абы илэжьа Iуэху псори зэхахати, Иудей хэкуми,
Ерусалими, Идумей хэкуми, Иордан псым и адрыщIым щыIэ
хэкуми, къалэхэу Тиррэ Сидонрэ я лъэныкъуэкIи цIыху куэд
къикIри, Хьисэ деж къэкIуащ. [9]Арати, цIыху гупышхуэр къыте-
мызэрыгуэн щхьэкIэ, Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм яжриIащ зы
кхъуафэжьей хьэзыр езым щхьэкIэ гуэл Iуфэм щаIыгъыну.
[10] Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Хьисэ цIыху куэд игъэхъужырти, уз
зыпкърыт цIыху псоми зыкъыхуадзырт, абы къеIусэн щхьэкIэ.
[11] Хьисэ щалъагъукIэ, абы и пащхьэм зыщрадзыхырти, жин
бзаджэхэри зэрыгъэкIийрт: «Уэ Тхьэм ури-Къуэщ!» жаIэурэ.
[12]Езыр хэтми цIыхухэм ирамыгъэщIэн щхьэкIэ, жин бзаджэхэм
унафэ быдэ яхуищIат Хьисэ.

*И гъуэгу ирикIуэ цIыху пщыкIутIыр Хьисэ зэригъэунэхуар*
*(Маттэ 10:1-4; Лука 6:12-16)*

[13]Iуащхьэм дэкIуейри, Хьисэ езыр зыхуейхэр къыщриджэм,
ахэр къэкIуащ. [14] ЦIыху пщыкIутI игъэуващ. Ахэр къыщIигъэу-
вар игъусэн икIи цIыхухэр Тхьэм и псалъэхэм ирагъэдэIуэну
игъэкIуэн щхьэкIэщ. [15]Абы нэмыщIуи, сымаджэхэр ягъэхъужын
икIи жин бзаджэхэр цIыхухэм хахун щхьэкIэ тепщэныгъэ
яритащ. [16]Хьисэ игъэува цIыху пщыкIутIыр мыхэращ: Симону
Хьисэ етIуанэ цIэуэ Петр зыфIищар; [17] Зеведей и къуитIу Екъуб-
рэ Иуанрэ (абыхэм Хьисэ етIуанэ цIэуэ Воанергес яфIищащ;
абы къикIыр «Щыблэм и къуэхэр» жиIэу арщ). [18]Индрис,

---

3:6 пащтыхь Ирод и лъэужь ирикIуэхэр – еплъ Маттэ 22:16.

Филипп, Варфоломей, Маттэ, Фомэ, Алфей и къуэ Екъуб, Фад-
дей, Симону зи къэралым гурэ псэкIэ хуэлажьэу щытар,* [19] Иудэ
Искариот. А Иудэращ Хьисэ къепцIыжу тепщэныгъэ зиIэхэм
езыгъэубыдар.

### *Хьисэрэ жин бзаджэхэм я пашэ Велзевулрэ*
*(Маттэ 12:22-32; Лука 11:14-23; 12:10)*

[20] Хьисэ унэм кIуэжащ итIанэ. Езымрэ и гъуэгу ирикIуэхэмрэ
шхэгъуэ имыхуэурэ, цIыху гупышхуэ къызэхуэсащ аргуэру.
[21]Хьисэ къызэригъэзэжар и унэкъуэшхэм щызэхахым, «Абы
зищIэжыркъым», жаIэри, къашэжыну дэкIащ.

[22] Ерусалим къикIа торэт егъэджакIуэ пашэхэм Хьисэ теу-
хуауэ жаIэрт:

– Велзевул* иIыгъщ ар икIи жин бзаджэхэм я пашэ а Велзевул
и къарукIэщ жин бзаджэхэр цIыхухэм абы зэрахихур.

[23]Арати, Хьисэ ахэр къриджэри, ущие хъыбархэмкIэ яж-
риIащ:

– ШейтIаным дауэ шейтIаныр цIыху гуэрым зэрыхихужы-
фынур? [24] Зы къэралыр лъэныкъуитI зэрыгъэхъумэ, ар щыIэжын
лъэкIынукъым. [25]Абы ещхьу, зы унэри лъэныкъуитI зэрыгъэ-
хъумэ, ар щыIэжын лъэкIынукъым. [26] ШейтIанри къэтэджу,
езым и щхьэ пэувыжрэ, лъэныкъуитI зэрыгъэхъумэ, абы кIэ
иIэщ, и кIуэдыжыгъуэри къэсащ. [27]ЛIы къарууфIэ гуэрым и унэм
щIыхьэу, абы и хьэпшыпхэр къихъунщIэн зыми лъэкIынукъым,
а лIы къарууфIэр япэщIыкIэ имыпхэмэ. А лIыр ипхмэ, и унэр
къихъунщIэн лъэкIынущ. [28] Пэжыр нывжызоIэ, цIыхухэм я гуэ-
ныхь псори къахуэгъункIэ Iэмал щыIэщ, Тхьэр сыт хуэдизкIэ
ягъэпцIми. Ауэ, ар хэту щытми, Тхьэм и Псэ ЛъапIэр зыгъэ-
пцIым игъащIэкIэ къыхуэгъунукъым, ар мыгъужын гуэныхькIэ
къуаншэ мэхъу.

[30]Хьисэ «Жин бзаджэм ар иIыгъщ» жаIэу абыхэм езым
теухуауэ къызэрыжаIаращ абы а псалъэр щIыжиIар.

---

3:18 Симону зи къэралым гурэ псэкIэ хуэлажьэу щытар – еплъ Маттэ 10:4.

3:22 Велзевул – еплъ Маттэ 10:25.

*Хьисэ и анэмрэ и къуэшхэмрэ*
*(Маттэ 12:46-50; Лука 8:19-21)*

31 Абы ирихьэлIэу, Хьисэ и анэмрэ и къуэшхэмрэ къэкIуащ.
ПщIантIэм ахэр здыдэтым, Хьисэ ирагъэджащ. 32 Хьисэ къыб-
гъэдэс цIыхубэм къыжраIащ:
– Мес, уи анэри, уи къуэшхэри, уи шыпхъухэри къэкIуауэ
пщIантIэм дэтщи, къыпщIоупщIэ.
33 – Хэт си анэри си къуэшхэри? – еупщIащ Хьисэ абыхэм.
34 ИтIанэ къыбгъэдэсхэм яхэплъэри жиIащ итIанэ:
– Мыхэращ сэ си анэри си къуэшхэри. 35 Хэтми, Тхьэр зы-
хуейр зыгъэзащIэр арщ сэ си къуэшри, си шыпхъури, си анэри.

## 4-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Жылэ зысэм теухуа ущие хъыбарыр*
*(Маттэ 13:1-9; Лука 8:4-8)*

Хьисэ Тхьэм и псалъэхэр цIыхухэм псы Iуфэм щаригъащIэу
щIидзащ аргуэру. Абы  деж къыщызэхуэса цIыхухэр апхуэ-
дизкIэ куэд хъурти, псым тет кхъуафэжьейм итIысхьащ. ЦIыху-
хэр, гупышхуэ зэрыгъэхъуауэ, псы Iуфэм Iутт. 2 ЦIыхухэм Iуэху-
гъуэ куэд ущие хъыбырхэмкIэ яригъащIэрт Хьисэ. Ахэр яри-
гъащIэурэ, мыпхуэдэу яжриIащ цIыхухэм:
3 – ФыкъэдаIуэ. Жылэ исэну лIы гуэр дэкIащ. 4 Здисэм, жы-
лэм щыщ гъуэгум телъэлъащ. Къуалэбзухэр къэлъатэри, ар
ящыпащ. 5 ЩIыр къызэмэщIэкI мывалъэм хэлъэлъащ жылэм
щыщ. ЩIыр куутэкъыми, щIэх дыдэу къыхэжащ жылэр, 6 ауэ
дыгъэр къыщыдэкIуейм, къыхэпсар исыжащ икIи лъабжьэ куу
зэримыIам щхьэкIэ гъужащ. 7 А жылэ дыдэм щыщ банэхэм
хэлъэлъащ. Банэхэм зыкъаужьщ, жылэм къикIыкIар ятхьэлэри,
зыри къыпагъэкIакъым. 8 А жылэм щыщ щIыгулъ фIыцIэми
хэлъэлъащ. Ахэр къэкIым, хэхъуэурэ, щхьэмыжхэр къапыкIащ.
Зы гуэдз хьэдзэр хьэдзэ щэщI хъуащ, адрей гуэдз хьэдзэр хьэдзэ
хыщI, адрейри хьэдзищэ хъуащ.
9 Хьисэ жиIам мыри щIигъужащ:
– ИридэIуэну тхьэкIумэ зиIэр иредаIуэ.

*Ущие хъыбархэр Хьисэ цIыхухэм щIахуиIуэтар*
*(Маттэ 13:10-17; Лука 8:9-10)*

[10] ЦIыхухэр зэбгрыкIыжу, Хьисэ и закъуэу къыщынэм, и гъуэ-
гу ирикIуэ цIыху пщыкIутIымрэ и гъусэхэмрэ ущие хъыбархэм
я мыхьэнэм теухуауэ къеупщIащ.
[11] – Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм и щэхухэр фщIэну абы хуи-
тыныгъэ къывитащ, – яжриIащ Хьисэ, – ауэ адрей цIыхухэм
ущие хъыбархэмкIэ Iуэхугъуэ псори ялъоIэс. [12]Аращи,*

»абыхэм я нэхэмкIэ еплъ пэтми,
зыри ялъагъунукъым,
я тхьэкIумэхэмкIэ даIуэ пэтми,
зыри къагурыIуэнукъым.
Апхуэдэу щымытамэ,
Тхьэм деж къагъэзэжынт,
Тхьэм абыхэм я гуэныхьхэр яхуигъэгъунт».

*Жылэ зысэм теухуа ущие хъыбарым къикIыр*
*(Маттэ 13:18-23; Лука 8:11-15)*

[13]Хьисэ абыхэм яжриIащ и ужькIэ:
– Мы ущие хъыбарыр къывгурымыIуэу, адрей ущие хъыбар
псори дауэ къызэрывгурыIуэнур? [14] Жылэ зысэм Тхьэм и псалъэ-
хэр есэ. [15] ЦIыхухэм ящыщу зы гупыр гъуэгум телъэлъа жылэм
хуэдэщ. Абыхэм Тхьэм и псалъэхэр зэрызэхахыу, шейтIаныр
къокIуэри, я гум илъ хъуа псалъэр ирехыж.
[16] – Адрей цIыху гупыр щIы мывалъэм хэлъэлъа жылэм хуэ-
дэщ. Тхьэм и псалъэхэр зэрызэхахыу, щыгуфIыкIыурэ ящтэ
абыхэм. [17]Ауэ абыхэм ягукIэ лъабжьэ зэрамыIэм щхьэкIэ, фIэщ-
хъуныгъэм и гъуэгу куэдрэ теткъым. Тхьэм и псалъэхэм щхьэкIэ
е гузэвгъуэ зэрыхэхуэу, е цIыхухэм абыхэм гугъуехь ирагъэ-
шэчу зэрыщIадзэу, фIэщхъуныгъэм и гъуэгум токIыж ахэр.
[18] НэгъуэщI цIыху гупыр банэхэм хэлъэлъа жылэм хуэдэщ.
Абыхэм Тхьэм и псалъэхэр зэхах, [19]ауэ мы дунейм щызекIуэ

4:12 Аращи – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 6:9-10.

гугъуехьхэри, беягъэм и пцIымрэ, нэгъуэщI Iуэху мыхъумы-
щIэхэм щIэхъуэпсынри я гум хыхьэурэ, Тхьэм и псалъэу я гум
илъхэр ятхьэлэурэ, а цIыхухэми фIыгъуэ къапыкIыркъым.
[20] НэгъуэщI цIыху гупыр щIыгулъ фIыщIэм хэлъэлъа жылэм
хуэдэщ. Абыхэм Тхьэм и псалъэхэр зэхах, ящтэ икIи фIыгъуэ
къадокIуэ, – е хуэдэ щэщI, е хуэдэ хыщI, е хуэдищэ.

### *Пэгун щIагъым щIэт уэздыгъэр*
*(Лука 8:16-18)*

[21]Хьисэ абыхэм яжриIащ и ужькIэ:
– Уэздыгъэр къыщIахьыр пэгун щIагъым е гъуэлъыпIэ щIа-
гъым щIагъэувэн щхьэкIэкъым, атIэ уэздыгъэ тегъэувапIэ лъа-
гэм трагъэувэн щхьэкIэкъэ? [22] Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ сыт
бгъэпщкIуми къыщIэщыжынущ, сыт щIэпхъумэми, нахуэ хъу-
жынущ. [23] ИридэIуэну тхьэкIумэ зиIэр иредаIуэ.
[24] Хьисэ абыхэм яжриIащ итIанэ:
– Зэхэфхыр фи гум ивубыдэ. Фэ зэрыфпщ пщалъэм хуэдэ
дыдэкIэ Тхьэм къыфхуипщыжынущ, нэхъыби къыфхухигъэхъуэ-
нущ. [25]Ар хэти ирехъу, зиIэм нэхъыбэ къритынущ Тхьэм, ауэ
зимыIэм иIэ тIэкIури Iихыжынущ абы.

### *Жылэ къэкIым теухуа ущие хъыбарыр*

[26] – Тхьэм и Тепщэнығъэшхуэр зыхуэдэр мыращ, – къыщIи-
гъужащ Хьисэ. – ЛIы гуэрым жылэ есэ. [27] Жэщым мэжей, ма-
хуэм къоуш, жылэр къокI, хохъуэ, ауэ ар зэрыхъур а лIым
ищIэркъым. [28] ЩIым япэщIыкIэ пкъыр езыр-езыру къыхокI,
итIанэ щхьэмыж къещI, абы и ужькIэ щхьэмыжым хьэдзэ ире-
щIэ. [29] Щхьэмыжхэр зэрыхъун хъуа нэужь, хьэцэпэцэр къахыж.

### *Хъардэл хьэдзэм теухуа ущие хъыбарыр*
*(Маттэ 13:31-32; Лука 13:18-19)*

[30] – Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр сытым едгъэщхьын? – жиIащ
Хьисэ. – Хьэмэрэ сыт хуэдэ ущие хъыбаркIэ къэдгъэнэхуэн ар
зыхуэдэр? [31]Ар зыхуэдэр хъардэл* хьэдзэрщ. Хаса нэуж, ар

---

4:31 хъардэл – тарчицэ; андэгурэдэгу лIэужыгъуэ.

хьэдзэ псоми я нэхъ цIыкIу дыдэщ. 32 Ауэ щIым хаса нэужь,
къокIри, зы илъэс зи ныбжь къэкIыгъэ псоми нэхърэ нэхъ ин
мэхъу. И жьауэм къуалэбзухэм зыщахъумэн ялъэкIыну,
къудамэ инхэри къыпокIэ абы.

33 Тхьэм и псалъэхэр цIыхухэм яжриIащ Хьисэ апхуэдэ ущие
хъыбар куэдкIэ, зэхащIыкIын зэралъэкIынум хуэдэу. 34 Ущие
хъыбар хэмыту, абыхэм епсалъэртэкъым Хьисэ. Ауэ и гъуэгу
ирикIуэхэр я закъуэу къыщынэкIэ, псори къагуригъаIуэрт.

*Хьисэ борэнышхуэр зэригъэувыIар*
*(Маттэ 8:23-27; Лука 8:22-25)*

35 А махуэ дыдэм и пщыхьэщхьэр къыщысым, Хьисэ и гъуэгу
ирикIуэхэм яжриIащ:

– ФынакIуэ, гуэлым дызэпрывгъэкI.

36 Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэр цIыхухэм къахэкIщ, ар зэрыс
кхъуафэжьейм итIысхьэри дежьащ. НэгъуэщI кхъуафэжьейхэри
ящIыгъут. 37 Борэнышхуэ къэхъури, толъкъунхэр къеуэурэ,
кхъуафэжьейм псыр из хъууэ щIидзащ. 38 Ауэ Хьисэ, щхьэнтэ
зыщIидзауэ, къуафэжьейм и гупкIэм щыжейрт. Ар къагъэушри,
жраIащ:

– Дин егъэджакIуэ, дызэрыкIуэдыр къыпфIэIуэхуркъэ?

39 Хьисэ къэтэджщ, борэнышхуэм егийри, псыми жриIащ:

– Сабырыж, увыIэ!

Жьыр увыIэжри, дунейр щым дыдэ хъужащ. 40 Хьисэ и гъуэ-
гу ирикIуэхэм яжриIащ итIанэ:

– Щхьэ фышынэрэ апхуэдизу? ФIэщхъуныгъэ фимыIэу ара
иджыри?

41 – Хэт мы жьыри псыри зыгъэдаIуэр? – шынэурэ жаIащ
абыхэм.

## 5-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Жин бзаджэм иIыгъ лIы гуэр Хьисэ зэригъэхъужар*
*(Маттэ 8:28-34; Лука 8:26-39)*

Галилей гуэлым и адрыщIым щыIэ хэкуу Гадарэ къалэм
зэрытым нэсащ итIанэ. 2 Хьисэ кхъуафэжьейм къызэрикIыу, жин

бзаджэм иIыгъ лIы гуэр кхъэлэгъунэхэм я лъэныкъуэкIэ къи-
кIри, къыпежьащ. 3 А лIыр кхъэлэгъунэхэм хэст. Ар гъущI Iэхъу-
лъэхъукIэ зыми ипхын лъэкIыртэкъым. 4 Абы Iэхъурэ лъэхъурэ
куэдрэ иралъхьат, ауэ Iэхъур зэпичырт, лъэхъури зэпиудырт.
Арати, а лIыр игъэувыIэн зыми хузэфIэкIыртэкъым. 5 Жэщми
махуэми кхъэлэгъунэхэмрэ Iуащхьэхэмрэ зэпымыууэ къызэхи-
кIухь зэпытт абы, мывэкIэ зэуэжырт кIийурэ.

6 Хьисэ жыжьэу щилъагъум, жэри абы и пащхьэм лъэгуа-
жьэмыщхьэу итIысхьащ а лIыр. 7 Макъышхуэкlэ джэри, жиIащ:

– Тхьэ нэхъ Лъагэм и Къуэ Хьисэ сыт уи Iуэхуу къысхэлъыр?
Тхьэм и цIэкIэ сынолъэIу, гугъу сумыгъэхь!

8 А лIым апхуэдэу щIыжиIар Хьисэ ар зыIыгъ жин бзаджэм
«Уэ, жин бзаджэ, мы лIым хэкIыж!» жриIати, аращ.

9 – Уи цIэр сыт? – еупщIащ Хьисэ а лIым.

– Си цIэр дзэщ, – жэуап итыжащ абы, – сыт щхьэкIэ жыпIэмэ
дэ куэд дохъу.

10 А хэкум иримыхуну, жин бзаджэхэр хуабжьу къелъэIуащ
Хьисэ.

11 А щIыпIэ дыдэм кхъуэ хъушэшхуэ Iуащхьэ джабэм щы-
хъуакIуэрт. 12 Арати, жин бзаджэхэр Хьисэ къелъэIуащ:

– Кхъуэхэм я деж дыгъакIуи, абыхэм я пкъыхэм дахыгъыхьэ.

13 Хьисэ ахэр хуит ищIащ. Жин бзаджэхэр лIым хэкIыжри,
кхъуэхэм я пкъыхэм хыхьащ. Кхъуэ хъушэшхуэр Iуащхьэ джа-
бэм къежэхщ, гуэлым хэлъадэри, псым итхьэлащ. Хъушэр
кхъуэ минитI хуэдиз хъурт.

14 Кхъуахъуэхэр щIэпхъуэжри, къэхъуар къалэми жылэми
щаIуэтэжащ, къэхъуар зрагъэлъагъуну цIыхухэр къэкIуащ.
15 Ахэр Хьисэ деж къыщыкIуэм, жин бзаджэхэр зыхэкIыжа лIыр
хуэпауэ, и акъыл къихьэжауэ абдежым щысу ялъэгъуащ. Ар
щалъагъум, къэшынащ. 16 Арати, къэхъуар зылъэгъуа цIыху-
хэм жин бзаджэхэм яIыгъа лIымрэ кхъуэхэмрэ къехъулIар ад-
рей цIыхухэм хуаIуэтэжащ. 17 ЦIыхухэм ар щызэхахым, я хэкур
ибгынэну Хьисэ къелъэIуащ.

18 Хьисэ кхъуафэжьейм щитIысхьэжым, жин бзаджэхэр къы-
зыхэкIыжа лIыр абы къелъэIуащ:

– Уи гъусэу сыздэшэ.

19 – Уэ уи бынхэм я деж уи унэ кIуэжи, Зиусхьэным фIы-
гъуэшхуэ къызэрыуигъэуэлIамрэ гущIэгъу къызэрыпхуищIамрэ
яжеIэ, – жиIащ Хьисэ, ар хуимыдэу. 20 Арати, лIыр ежьэри,

Хьисэ къыхуищIа фIыгъуэр КъалипщI* хэкум щиIуэтэжу
щIидзащ икIи зэхахар псоми ягъэщIэгъуащ.

*Иаир ипхъу лIар къызэригъэтэджыжар;*
*И щыгъыным къеIуса цIыхубзыр Хьисэ зэригъэхъужар*
*(Маттэ 9:18-26; Лука 8:40-56)*

21 Хьисэ Галилей гуэлым кхъуафэжьеймкIэ зэпрыкIыжа нэужь,
цIыху гупышхуэ абы деж къыщызэхуэсащ. Хьисэ псы Iуфэм
здыIутым, 22 Иаир зи цIэ синэгуэгу пашэ гуэр къэкIуащ. Хьисэ
щилъагъум, и лъабжьэм зыщIидзэри, 23 быдэу къелъэIуащ ар:
– Сипхъу цIыкIур малIэри телъщ. Къэхъужын икIи псэууэ
къелын щхьэкIэ, накIуи, уи Iэхэр телъхьэ!
24 Арати, Хьисэ абы и гъусэу кIуащ. ЦIыху гупышхуэ Хьисэ
къыеувэкIыурэ, Хьисэ щIыгъуу кIуэрт. 25 Абыхэм цIыхубз гуэр
яхэтт. Илъэс пщыкIутI хъуауэ, абы лъы куэдрэ щIэкIыурэ игъэ-
гуIэрт. 26 Iэзэ куэди еплъащ, гугъуи куэдрэ ирагъэхьащ. ЦIы-
хубзым иIэ псори Iэзэхэм ятригъэкIуэдащ, ауэ нэхъыкIэ хъуа
мыхъумэ, нэхъыфI хъуакъым. 27 Абы Хьисэ и хъыбар зэхихати,
цIыхухэм яхэту, Хьисэ и щIыбагъымкIэ къыбгъэдыхьэри, и
щыгъыным къеIусащ; 28 игукIэ мыпхуэдэу жиIэри: «НэгъуэщI
мыхъуми, Хьисэ и щыгъыным сеIусэмэ, сыхъужынущ!» 29 Хьисэ
зэреIусэу, цIыхубзым лъы щIэкIыныр увыIащ икIи зэрыхъужар
езым и IэпкълъэпкъымкIэ зыхищIащ.
30 Къару зэрыхэкIар Хьисэ игукIэ занщIэу зыхищIащ. ЦIыху
гупышхуэм здахэтым, зыкъригъэзэкIри яжриIащ:
– Хэт си щыгъыным къеIусар?
31 – ЦIыхухэр къызэрыптезэрыгуар плъагъу пэтрэ, «Хэт
къызэIусар?» жыпIэу сыт ущIыщIэупщIэр? – къыжраIащ и гъуэгу
ирикIуэхэм.
32 Хьисэ къеусар зрилъагъун щхьэкIэ, зиплъыхьырт.
33 ЦIыхубзым къыщыщIар ищIэжырти, къэщтарэ кIэзызу
къыбгъэдыхьэщ, Хьисэ и лъабжьэм зыщIидзэри, пэжыгъэ псори
хуиIуэтэжащ.
34 – Си хъыджэбз! – жриIащ абы Хьисэ. – Уи фIэщхъуныгъэм
уигъэхъужащ. Гъуэгу махуэ, уигу ирезагъэ, уи узыфэр Тхьэм
пщхьэщихауэ узыншэу упсэу!

5:20 КъалипщI – еплъ Маттэ 4:25.

[35]Хьисэ здэпсалъэм, лIы гуп синэгуэгу пашэм и унэм къы-
щIэкIауэ къакIуэрти, Иаир къыжраIащ:

– Уи пхъур дунейм ехыжащ. Дин егъэджакIуэр сыт щхьэкIэ
гугъу ебгъэхьыжрэ?

[36]Абыхэм жаIар зэрызэхихыу, Хьисэ синэгуэгу пашэм жри-
Iащ:

– Умышынэ, фIэщхъуныгъэ зигъыIэ къудей.

[37] Петр, Екъуб, абы и къуэш Иуан сымэ фIэкIа зыри зыщIи-
мыгъуу, Хьисэ гъуэгу техьащ. [38] Синэгуэгу пашэм и унэм щынэ-
сым, цIыхухэр зэрызехьэу, хьэдагъэ ящIу, пыхьэу илъэгъуащ
Хьисэ. [39]Унэм щыщIыхьэм, яжриIащ:

– ФыщIызэрызехьэр, хьэдагъэ щIэфщIыр сыт? Хъыджэбз
цIыкIур лIакъым, ар мэжей.

[40]Ар щыжиIэм, Хьисэ къыщыдыхьэшхащ. Ауэ унэм псори
къыщIигъэкIщ, хъыджэбз цIыкIум и адэ-анэри езым и гъусищри
зыщIигъури, хъыджэбзыр зыщIэлъ пэшым щIыхьащ Хьисэ.
[41] Хъыджэбз цIыкIум и Iэр иубыдри, жриIащ:

– Талифэ кум! (Абы къикIыр: «Си хъыджэбз, сэ ныбжызоIэ,
къызэфIэувэ!»)

[42]Ар зэрыжиIэу, хъыджэбз цIыкIур къызэфIэувэри, къикIухьу
щIидзащ. Хъыджэбз цIыкIур илъэс пщыкIутIым итт. Ар ща-
лъагъум, хуабжьу ягъэщIэгъуащ. [43]Ялъэгъуар зыми хуамы-
Iуэтэжыну, Хьисэ унафэ быдэ яхуищIащ абыхэм. ИтIанэ
яжриIащ хъыджэбз цIыкIур ягъэшхэну.

## 6-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Назарет дэс цIыхухэм Хьисэ зэрамыщтар*

*(Маттэ 13:53-58; Лука 4:16-30)*

А щIыпIэм икIыжри, и анэм и къалэм кIуэжащ Хьисэ, и
гъуэгу ирикIуэхэр и гъусэу. [2] Щэбэт махуэр къыщысым, синэ-
гуэгум кIуэри, Тхьэм и псалъэхэр цIыхухэм яригъащIэу щIи-
дзащ. Абы едэIуа цIыху куэдым ягъэщIагъуэу жаIащ:

– Мы лIым жиIэхэр дэнэ къыздрихар? Сыту акъылыфIагъэ
кърита абы Тхьэм! Сыту Iуэху телъыджэ абы и Iэм илэжьрэ!

[3] Мэрием и къуэ пхъащIэр аракъэ мыр - Екъуб, Иосий, Иудэ,
Симон сымэ я къуэшыр? Абы и шыпхъухэри къытхэскъэ?
Ар жаIэурэ, Хьисэ щхьэкIэ мыхъун я гум кърагъэхьащ.
[4] – Бегъымбарым щIыхь хуэзымыщIыр езыр щапIа къалэм
дэсхэм, и благъэхэм, и унагъуэм щыщхэм язакъуэщ, – яжриIащ
Хьисэ абыхэм.
[5]Хьисэ и Iэхэр сымаджэ гуэрхэм ятрилъхьэурэ зэригъэхъу-
жам фIэкIа, а щIыпIэм Iуэху телъыджэ лъэпкъ щилэжьакъым.
[6]Абыхэм я фIэщмыхъуныгъэр игъэщIэгъуащ Хьисэ.

*И гъуэгу ирикIуэ цIыху пщыкIутIыр*
*Тхьэм хуэлэжьэну Хьисэ зэрыригъэжьар*
*(Маттэ 10:1, 5-15; Лука 9:1-6)*

Тхьэм и псалъэхэр цIыхухэм яригъащIэурэ, Хьисэ жылэ гъу-
нэгъухэр къызэхикIухьырт. [7]Хьисэ и гъуэгу ирикIуэ цIыху
пщыкIутIыр къриджэри, тIурытIурэ иригъажьэу щIидзащ. Жин
бзаджэхэр цIыхухэм хахуну тепщэныгъэ яритащ. [8] Унафи
яхуищIащ:
– Гъуэгум фыщытехьэкIэ, зы баш фIэкI зыри здэвмыщтэ.
ЩIакхъуи, хъуржыни, фи бгырыпхым щIэлъу ахъши здэвмы-
щтэ. [9]Вакъэ къызэрыгуэкIхэр зылъыфтIагъэ, ауэ джанэ тIурытI
зыщывмытIагъэ.
[10] – Унэ гуэрым хьащIэу феблагъэмэ, а щIыпIэм фыкъи-
кIыжыху, а унэм фис, – къыщIигъужащ Хьисэ. [11] – ЩIыпIэ гуэ-
рым фыщрамыгъэблагъэмэ е къыщывэмыдаIуэмэ, а щIыпIэм
фыкъыщикIыжкIэ, мыхъумыщIагъэ зэращIамкIэ абыхэм я
пащхьэм щыхьэт щыхъун папщIэ, фи лъакъуэхэм къакIэрыпщIа
сабэр кIэрывгъэлъэщэщыж. Пэжыр нывжызоIэ, къемэтмахуэм
а къалэм гугъуехьу ишэчынум нэхърэ, къалэхэу Содомрэ Iамо-
рэрэ яшэчыну гугъуехьыр нэхъ мащIэу къыщIэкIынущ.
[12]Арати, а цIыху пщыкIутIыр гъуэгу техьэри, «Фи гуэныхьхэм
фахущIегъуэж», жраIэурэ, цIыхухэм яхэпсэлъыхьу щIадзащ.
[13] Жин бзаджэ куэд цIыхухэм хахурт икIи сымаджэ куэд дагъэ
щахуэурэ ягъэхъужырт абыхэм.

### *УмэхъакIуэ Иуан и щхьэр зэрыпаупщIар*
*(Маттэ 14:1-12; Лука 9:7-9)*

14 Хьисэ цIэрыIуэ хъуати, и хъыбар Ирод пащтыхьым* зэхи-
хащ. Щызэхихым, мыпхуэдэу жиIащ:
– Ар умэхъакIуэ Иуаныраущ къыщIэкIынщ. Ар лIахэм къахэ-
тэджыкIыжащ, аращ апхуэдэ къару зыхэлъ Iуэху телъыджэхэр
щIилэжьыр.
15 – Ар Иляс бегъымбарырщ,* – жаIэрт нэгъуэщI цIыхухэми.
– Ар бегъымбар гуэрщ, пасэрей бегъымбархэм яхуэдэу, –
жаIэрт нэгъуэщIхэми.
16 Ар щызэхихым, Ирод жиIащ:
– Зи щхьэр пезгъэупщIа Иуаныр лIахэм къахэтэджыкIыжащ.
17 Ирод ар щIыжиIар мыращ: ФилиппкIэ зэджэ езым и къуэ-
шыр псэу пэтми, Ирод а Филиппым и фыз Иродиадэ зи цIэр
къишэжат. 18 Абы ар къызэришэжам щхьэкIэ Иуан Ирод жри-
Iэрт: «Уи къуэшым и фыз къэпшэжыныр хабзэм къезэгъыр-
къым». 19 Абы щхьэкIэ Иродиадэ Иуан гужьгъэжь къыхуиIэ
хъуащ. Иродиадэ и лъэIукIэ Ирод и зауэлIхэм Иуан яригъэ-
убыдри, лъэхъуэщым щIригъэдзащ. Иродиадэ Иуан ири-
гъэукIыну хуейт, ауэ хузэфIэкIыртэкъым. 20 Сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ Иуан щыпкъагъэ зигу илъ цIыху лъапIэу зэрыщытыр
Ирод ищIэрти, абы щышынэрт икIи хуэсакъырт. Иуан жиIэхэм
щедаIуэкIэ, хуабжьу гузавэрт, итIани и гуапэу едаIуэрт.
21 Иродиадэ зыщIэхъуэпсар махуэ гуэрым къехъулIащ. Къы-
щалъхъуа махуэр игъэлъэпIэну, Ирод и къулыкъущIэхэр, и
дзэпщхэр, Галилей хэкум и пашэхэр, ефэ-ешхэшхуэ яхуищIри,
кърѝгъэблэгъащ. 22 Иродиадэ и пхъур унэм къыщIыхьэри, абы-
хэм я пащхьэ къыщыфащ. Иродрэ и хьэщIэхэмрэ хъыджэбзыр
ягу ирихьащ.
– УзыхуеймкIэ къызэлъэIуи, узыщIэлъэIур пхуэсщIэнщ, –
жриIащ пащтыхьым хъыджэбзым. 23 ИкIи тхьэ хуиIуащ:
– Сыт ухуейми уэстынщ, си къэралым и ныкъуэм нэсыху.
24 Хъыджэбзыр унэм щIэкIри, и анэм еупщIащ:
– СыткIэ селъэIун?
– УмэхъакIуэ Иуан и щхьэр къыуитыну елъэIу.

6:14 Ирод пащтыхьыр – еплъ Маттэ 14:1.

6:15 Иляс бегъымбарыр – еплъ Маттэ 16:14.

25 Арати, хъыджэбзыр унэм къыщIэлъэдэжри, пащтыхьым
жриIащ:

– УмэхъакIуэ Иуан и щхьэр лагъэм илъу къызэт иджыпсту.

26 Ар щызэхихым, пащтыхьыр хуабжьу къэнэщхъеящ, арщ-
хьэкIэ хьэщIэхэм я пащхьэм тхьэ щиIуати, и псалъэм текI хъу-
жынутэкъым. 27 Арати, Иуан и щхьэр къихьыну унафэ хуищIри,
зауэлI гуэр игъэкIуащ асыхьэт дыдэм. 28 Ар кIуэщ, Иуан и щхьэр
лъэхъуэщым щыпиупщIщ, щхьэр лагъэм илъу къихьри, хъыд-
жэбзым къритащ, хъыджэбзым ар и анэм хуихьащ. 29 Иуан и
гъуэгу ирикIуэхэм къэхъуар щызэхахым, къакIуэщ, Иуан и
хьэдэр яхьыжри, кхъэлэгъунэм щIалъхьэжащ.

### *Хьисэ цIыху минитху зэригъэшхар*

*(Маттэ 14:13-21; Лука 9:10-17; Иуан 6:1-14)*

30 Апостолхэр* Хьисэ деж къыщызэхуэсыжащ икIи ялэжьа
псори цIыхухэм ирагъэщIа псори хуаIуэтэжащ. 31 ЦIыху къакIуэ-
накIуэр апхуэдизкIэ куэд хъуати, Хьисэрэ и гъуэгу ирикIуэхэмрэ
шхэгъуи ихуэжыртэкъым. Арати, Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм
яжриIащ:

– ЩIыпIэ пхыдза гуэрым ди закъуэу зыщывгъэпсэхужыну
дывгъакIуэ.

32 Арати, кхъуафэжьейм итIысхьэри, щIыпIэ пхыдза гуэрым-
кIэ яунэтIащ я закъуэу. 33 Ахэр кхъуафэжьейм исуу зэрыIукIыр
ялъагъуащ цIыхухэм, куэдми къацIыхужащ. Къалэ псоми дэс
цIыхухэр лъэсу къыдэжщ, Хьисэрэ абы и гъуэгу ирикIуэхэмрэ
кхъуафэжьейкIэ здэкIуэ щIыпIэм нэмыс щIыкIэ, езыхэр нэсри
щызэхуэсащ. 34 Хьисэ кхъуафэжьейм къикIыу, цIыху гупышхуэр
щилъагъум, а цIыхухэр мэлыхъуэ зыпэрымыт мэл хъушэм хуэ-
дэти, игу ящIэгъуащ икIи Iуэхугъуэ куэд яригъащIэу щIидзащ.

35 Махуэр щыхэкIуатэм, и гъуэгу ирикIуэхэр къыбгъэдыхьэ-
ри, Хьисэ къыжраIащ:

– Мы щIыпIэр пхыдзащ, махуэри хэкIуэтащ. 36 Къуажэ-жы-
лэ гъунэгъухэм кIуэуэ, гъуэмылэ къыщащэхун щхьэкIэ цIыхухэр
утIыпщ, яшхын яIэкъыми.

37 – Фэ вгъашхэ ахэр, – яжриIащ Хьисэ абыхэм.

---

6:30 апостолхэр – еплъ Маттэ 10:2.

– ДыкIуэу, динар* щитIым и уасэ щIакхъуэ къэтщэхун, мы
цIыхухэм едгъэшхын щхьэкIэ? – къеупщIащ адрейхэр.

38 – ЩIакхъуэ дапщэ фэ фиIэр? ФыкIуи, феплъыт, – яжриIащ
Хьисэ абыхэм.

ЯIэм еплъри, жаIащ:

– ЩIакхъуитхурэ бдзэжьеитIрэ диIэщ.

39 Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм унафэ яхуищIащ цIыху псори
удзыпцIэм хагъэтIысхьэну. 40 Арати, цIыхухэр гуп-гупу тIысащ,
зы гупыр щэ, зы гупыр щэ ныкъуэ хъууэ. 41 Хьисэ щIакхъуи-
тхумрэ бдзэжьеитIымрэ къищтэщ, уафэм дэплъейри, Тхьэм
фIыщIэ хуищIащ. ЩIакхъуэхэр зэгуищIыкIыурэ, цIыхухэм
хуагуэшын щхьэкIэ, и гъуэгу ирикIуэхэм яритащ итIанэ. Бдзэ-
жьеитIри цIыху псоми яхуигуэшащ. 42 ЦIыху псори шхащ, псоми
загъэнщIащ. 43 Къадэхуа щIакхъуэ бзыгъэхэри бдзэжьей
ныкъуэшххэри зэхуахьэсыжри, матэ пщыкIутIым ярыз хъуащ.
44 Шхахэр лIы минитху хъурт.

### *Хьисэ псы гущIыIум тету зэрыкIуар*
*(Маттэ 14:22-33; Иуан 6:16-21)*

45 Хьисэ цIыху гупышхуэр иригъэжьэжыху зыпимыгъаплъэу,
и гъуэгу ирикIуэхэр кхъуафэжьейм иригъэтIысхьащ, гуэл адры-
щIым щыIэ Вифсайдэ къалэм кIуэн щхьэкIэ. 46 Хьисэ цIыхухэр
иутIыпщыжа нэужь, Iуащхьэм дэкIуеящ, Тхьэм елъэIуну.

47 Пщыхьэщхьэ щыхъуам, кхъуафэжьейр гуэлым и кум нэсат,
Хьисэ и закъуэу щIым къытенат. 48 Кхъуафэжьейм исхэм жьыр
къажэхэуэрти, псыр хьэнцэхэмкIэ гугъу ехьу зэрыщIатхъуэр
илъэгъуащ Хьисэ. Джэд Iуэгъуэм деж Хьисэ, псы гущIыIум
тету, кхъуафэжьейм исхэм я лъэныкъуэкIэ кIуащ. Абыхэм
яблэкI хэтащ. 49 Псы гущIыIум тету Хьисэ къакIуэу щалъагъум,
хьэдэджадэу къафIэщIри, зэрыгъэкIиящ, 50 ар зылъэгъуа псори
хуабжьу шынати.

Хьисэ къэпсалъэри, абыхэм къажриIащ асыхьэтым:

– Фымыдзыхэ, сэращ ар, фымышынэ!

51 Кхъуафэжьейм яхэтIысхьэри, жьапщэшхуэри увыIэжащ
итIанэ. Абыхэм ар нэхьри ягъэщIэгъуащ, 52 сыту жыпIэмэ ерыщ

---

6:37 динар – еплъ Маттэ 18:24.

екIуати, Хьисэ Iуэху телъыджэу щIакхъуэхэмкIэ илэжьар къагурыIуэн ялъэкIатэкъыми.

*Геннисарет хэкум Хьисэ сымаджэхэр зэрыщигъэхъужар*
*(Маттэ 14:34-36)*

53Ахэр гуэлым зэпрыкIа нэужь, Геннисарет хэкум нэсри, хъурзэр* ирадзыхащ. 54Ахэр кхъуафэжьейм къызэрикIыу, Хьисэ цIыхухэм къацIыхужащ. 55 ЦIыхухэм а Iэхэлъахэр къызэхакIухьу, Хьисэ здэщыIэу жыхуаIа щIыпIэм сымаджэхэр алэрыбгъухэм телъу къахьу щIадзащ. 56 Къуажи, къали, жыли, зэрыжаIэу, Хьисэ дэнэ кIуэми, цIыхухэм я сымаджэхэр зэхуэсыпIэхэм щагъэгъуэлъырти, нэгъуэщI мыхъуми Хьисэ и щыгъын кIапэм иригъэIусэну лъаIуэрт икIи щыгъын кIапэм еIуса псори узыншэ хъужырт.

## 7-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Адэжьхэм къащIэна хабзэхэр*
*(Маттэ 15:1-20)*

Фарисейхэри Ерусалим къикIа торэт егъэджакIуэ пашэхэм ящыщхэри Хьисэ деж къыщызэхуэсащ.

2Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм ящыщ гуэрхэр Iэ фIейкIэ, нэгъуэщIу жыпIэмэ я Iэхэр ямытхьэщIэу, шхэуэ ялъэгъуащ абыхэм. 3Ар ягъэщIэгъуащ, фарисейхэри адрей журт псори, я адэжьхэм къащIэна хабзэмкIэ, я Iэхэр ямытхьэщIауэ шхэркъыми. 4 Бэзэрым къикIыжмэ, замыгъэкъэбзауэ шхэркъым. А хабзэм нэмыщI, я адэжьхэм къащIэна хабзэ куэд зэрахьэ абыхэм, псалъэм папщIэ, фалъэхэр, къубгъанхэр, лэгъупхэр ятхьэщIыныр.

5Арати, фарисейхэмрэ торэт егъэджакIуэ пашэхэмрэ Хьисэ къеупщIащ:

– Уэ уи гъуэгу ирикIуэхэр, адэжьхэм къытхуагъэна хабзэхэм темыту, Iэ фIейкIэ сыт щIэшхэр?

6:53 хъурзэ – якорь.

6 – Ешайа бегъымбарым фэ бзитIщхьитIхэм къыфтеухуауэ
пэжыр жиIэгъащ, – къаритащ жэуап Хьисэ. – Мыпхуэдэу итщ
абы и тхылъым:*

«Я жьэкIэ сагъэлъапIэ пэтми,
мы цIыхухэр ягукIэ спэжыжьэщ.
7Абыхэм цIыхухэм Iуэхугъуэхэр ирагъащIэурэ,
цIыху хабзэр Тхьэм и унафэм
зэрыхуагъадэм щхьэкIэ,
сэ сызэрагъэлъапIэр пщIэншэщ».

8 – Тхьэм и унафэр къэвгъэнауэ, цIыхухэм къащIэна хабзэхэм
фытетщ.

9 – Фи адэжьхэм къащIэна хабзэхэр вгъэзэщIэн щхьэкIэ,
Тхьэм и унафэр лъэныкъуэ ивогъэз, – къыпищащ Хьисэ.
10 – Мусэ бегъымбарым жиIащ:* «Уи адэмрэ уи анэмрэ пщIэ
яхуэщI», икIи «Зи адэ е зи анэ IейкIэ тепсэлъыхьыр ирелIэ».
11Ауэ фэ жывоIэ: «Зыгуэрым и адэм е и анэм: Сэ тыгъэу фэ
фэстын слъэкIыну щытар иджы къурмэн сщIынущ, жиIэмэ,
(абы къикIыр: Тхьэм щхьэкIэ тыгъэ сщIынущ), 12абы щыгъуэ а
цIыхум и адэм е и анэм зыри хуимыщIэну хуитщ». 13Абы фыте-
турэ, фи адэжьхэм я хабзэу фи къуэхэм къахуэвгъанэхэмкIэ
Тхьэм и псалъэхэр лъэныкъуэ ивогъэз. Апхуэдэ Iэджи фощIэ
фэ.

14ЦIыху гупышхуэр аргуэру къриджэри, Хьисэ яжриIащ:

– Фэ псори фыкъызэдаIуэ икIи мы жысIэр зыгурывгъаIуэ.
15 ЦIыхур мыкъабзэ ищIын зылъэкIыр абы ишх ерыскъыра-
къым, атIэ цIыхум и гум къикIырщ. 16 ИридэIуэну тхьэкIумэ
зиIэр иредаIуэ.

17Хьисэ цIыхубэм хэкIыжу, унэм щыщIыхьэм, Хьисэ и гъуэгу
ирикIуэхэр а ущие хъыбарым теухуауэ къеупщIащ.

18 – Фэри зыри къывгурымыIуэу ара? – яжриIащ Хьисэ. –
ЦIыхум ишх ерыскъым ар мыкъабзэ ищIын зэрылъэмыкIынур
къывгурыIуэркъэ? 19 ЦIыхум ишх ерыскъыр и гум ихьэркъым,
и ныбэрщ зэрыхьэр, ар пкъым къыхокIыж итIанэ. (А псалъэ-
хэмкIэ Хьисэ дэтхэнэ ерыскъыри хьэлэлу къилъытащ.)

---

7:6-7 Ешайа бегъымбарым … и тхылъым – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 29:13.

7:10 Мусэ бегъымбарым жиIащ – еплъ 2 Мусэ 20:12; 21:17.

[20] – ЦIыхур мыкъабзэ зыщIыр и гум къикIыращ, – къы-
пищащ Хьисэ. [21] – Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ цIыхум и кIуэцIымрэ
и гумрэщ мыхэр къызэрыкIыр: гупсысэ бзаджэхэр, зинэ щIэ-
ныр, дыгъуэныр, цIыху укIыныр, [22] нэпсеягъэр, бзаджагъэр,
гъэпцIагъэр, мыхъумыщIэ псэукIэр, фыгъуэныр, цIыхухэм
яхуэпсэлъэныр, пагагъэр, делагъэр. [23] Мы бзаджагъэ псори гум
и кIуэцIым къокIри, цIыхур мыкъабзэ ящI.

*Сирофиникие хэкум щыщ цIыхубзым иIа фIэщхъуныгъэр*
*(Маттэ 15:21-28)*

[24] А щIыпIэм икIри, Хьисэ къалэхэу Тиррэ Сидонрэ я Iэхэ-
лъахэм кIуащ итIанэ. Унэ гуэрым щыщIыхьэм, абдежым езыр
зэрыщыIэр зыми ищIэну хуеятэкъым, арщхьэкIэ ар бзыщIа
хъуакъым. [25] Жин бзаджэм иIыгъ пхъу зиIэ цIыхубз гуэрым
Хьисэ абы зэрыщыIэр зэрызэхихыу къакIуэри, абы и лъабжьэм
зыщIидзащ. [26]А цIыхубзыр Сирофиникие хэкум щыщт, и бзэри
алыджыбзэт.* Ар Хьисэ къелъэIуащ жин бзаджэр и пхъум хиху-
жыну.

[27] – Сабийхэм зегъэгъэнщI япэщIыкIэ, – жриIащ Хьисэ а
цIыхубзым. – Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ сабийхэм щIакхъуэр
къаIэщIэпхыу, хьэхэм яхуэбдзыныр къезэгъыркъым.

[28] – Пэжщ, Зиусхьэн, – къыжриIащ цIыхубзым, – ауэ Iэнэ
щIагъым щIэс хьэхэми яшх сабийхэм къаIэщIэхуа щIакхъуэ
щыкъуейхэр.

[29] – А псалъэр зэрыжыпIам щхьэкIэ жин бзаджэр уи пхъум
хэкIыжащ, – жиIащ Хьисэ. – Уи унэ кIуэж!

[30] ЦIыхубзыр унэм кIуэжри, жин бзаджэр хэкIыжауэ, и пхъур
пIэм хэлъу ирихьэлIэжащ.

*ЛIы дэгу, бзагуэ гуэр Хьисэ зэригъэхъужар*

[31]Хьисэ къалэхэу Тиррэ Сидонрэ я Iэхэлъахэм къикIщ, Къа-
липщI* зи цIэ хэкум къыкIуэцIрыкIри, Галилей гуэлым къе-
кIуэлIэжащ абы и ужькIэ. [32]ЛIы дэгу, бзагуэ гуэр цIыхухэм
къыхуашэри, и Iэр абы трилъхьэну, Хьисэ къелъэIуащ.

---

7:26 алыджыбзэ – грекыбзэ.

7:31 КъалипщI – еплъ Маттэ 4:25.

33 Хьисэ а лIыр цIыхухэм яхишри, я закъуэ щыхъум, и Iэп-
хъуамбэхэр лIым и тхьэкIумэхэм ириIущ, убжьытхэри, лIым
и бзэгум теIэбащ. 34 Уафэм дэплъейщ, куууэ хэщэтыкIри, лIым
жриIащ итIанэ: «Еффатэ». (Еффатэм къикIыр: «Уи тхьэкIумэ-
хэм зызэIуахыжынущ».) 35 ЛIым и тхьэкIумэхэм зэхах хъужащ
а дакъикъэ дыдэм, и бзэри къиутIыпщыжри, къабзэу псалъэу
щIидзэжащ.

36 Хьисэ цIыхухэм унафэ яхуищIащ ар зыми хуамыIуэтэжыну.
Унафэ яхуищIа пэтми, нэхъри нэхъыбэжу а хъыбарыр цIыхухэм
яхэз хъуащ. 37 Къэхъуар хуабжьу ягъэщIэгъуауэ, цIыхухэм
жаIэрт:

– Псори къохъулIэ. Дэгухэм зэхахыу егъэхъуж, бзагуэхэри
къегъэпсэлъэж.

## 8-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Хьисэ цIыху миниплI зэригъэшхар*
(Маттэ 15:32-39)

ЦIыху куэд аргуэру къызэхуэсащ а махуэхэм. Абыхэм яшхын
яIэтэкъыми, Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэр къриджэри, яжриIащ:
2 – Мы цIыхубэм сигу ящIогъу; махуищ мэхъу зэрызигъусэ-
ри, дзэкъэгъуэ яIухуакъым. 3 МэжалIэу сутIыпщыжмэ, гъуэгум
текIуэдэнущ, жыжьэ къикIахэри яхэтщи.
4 – Абыхэм яхурикъун щIакхъуэ мы губгъуэ нэщIым дэнэ
щыбгъуэтын? – къыжраIащ Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм.
5 – ЩIакхъуэ дапщэ фиIэр? – еупщIащ Хьисэ абыхэм.
– ЩIакхъуиблI диIэщ, – къыжраIащ абыхэм.
6 Ар щыжаIэм, Хьисэ цIыху гупышхуэм унафэ яхуищIащ
етIысэхыну. ЩIакхъуиблыр къищтэри, Тхьэм фIыщIэ хуищIащ.
ЩIакхъуэхэр зэгуищIыкIри, цIыхухэм хуагуэшыну и гъуэгу ири-
кIуэхэм яритащ итIанэ. Апхуэдэуи ящIащ. 7 Бдзэжьей тIэкIуи
яIэт. Абыхэм щхьэкIи Тхьэм фIыщIэ хуищIри, цIыхухэм хуагуэ-
шыну и гъуэгу ирикIуэхэм яжриIащ. 8 ЦIыхухэр шхащ икIи
загъэнщIащ. Къадэхуа щIакхъуэ бзыгъэхэр зэхуахьэсыжри,
матиблым ярызу хъуащ. 9 Шхахэр цIыху миниплI хуэдиз хъурт.
Хьисэ цIыхухэр иутIыпщыжащ итIанэ. 10 ЦIыхухэр иутIыпщы-

жа нэужь, Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэр и гъусэу кхъуафэжьейм
итIысхьэри, Далмануфэ жылэм и Iэхэлъахэм кIуащ.

*Уафэм нэщэнэ гъэщIэгъуэнышэ гуэр къахуригъэхыну фарисейхэр Хьисэ къызэрелъэIуар*
*(Маттэ 16:1-4; Лука 11:29-32)*

11 Хьисэ деж къакIуэри, къедауэу щIадзащ фарисейхэм. Ягъэу-
нэхун мурадкIэ нэщэнэ гъэщIэгъуэнышэ гуэр уафэм къахури-
гъэхыну щIэлъэIуащ ахэр. 12 Хьисэ хьэлъэу хэщэтыкIри, жиIащ:
– Иджырей цIыхухэр нэщэнэ гъэщIэгъуэнышэ хуей щIэхъуар
сыт? Пэжыр нывжызоIэ, Тхьэм иджырей цIыхухэм нэщэнэ гъэ-
щIэгъуэнышэ къаритынукъым.
13 Ахэр къигъанэщ, кхъуафэжьейм итIысхьэжри, Хьисэ гуэ-
лым зэпрыкIыжащ абы и ужькIэ.

*Фарисейхэмрэ Ирод пащтыхьымрэ я пщагъэр*
*(Маттэ 16:5-12)*

14 Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм яхурикъун щIакхъуэ къыздащта-
тэкъым, ящыгъупщэри. Кхъуафэжьейм илъыр зы щIакхъуэт,
афIэкIа къыздащтатэкъым. 15 Хьисэ абыхэм быдэу яжриIащ:
– Фысакъ! Фарисейхэм я пщагъэмрэ Ирод пащтыхьым и
пщагъэмрэ защыфхъумэ.
16 – ЩIакхъуэ диIэкъыми, аращ абы апхуэдэу щIыжиIэр, –
жаIэурэ, тепсэлъыхьырт Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэр а Iуэхум.
17 Абыхэм жаIэм гу лъитати, Хьисэ яжриIащ:
– ЩIакхъуэ зэрывимыIэм фыщIытепсэлъыхьыр сыт? Зыри
зэхэвмыщIыкIыу икIи къывгурымыIуэу ара иджыри? Апхуэдизу
щхьэ фыерыщ? 18 Нэ фиIэрэ пэт, фымылъагъуу ара? ТхьэкIумэ
фиIэрэ пэт, зэхэвмыхыу ара? 19 ФщIэжыркъэ, щIакхъуитхур цIы-
ху минитхум щахузэгуэсщIыкIам, щIакхъуэ бзыгъэхэр ярызу
матэ дапщэ зэхуэфхьэсыжари?
– Матэ пщыкIутI, – къыжраIащ абыхэм.
20 – ЩIакхъуиблри цIыху миниплIым щахузэгуэсщIыкIам,
щIакхъуэ бзыгъэхэр ярызу матэ дапщэ зэхуэфхьэсыжар?
– Матибл, – къыжраIащ абыхэм.
21 – Зыри къывгурымыIуэу ара иджыри? – яжриIащ Хьисэ
абыхэм.

### *Вифсайдэ жылэм щыщ лIы нэф гуэр Хьисэ зэригъэхъужар*

[22]Хьисэрэ абы и гъуэгу ирикIуэхэмрэ Вифсайдэ жылэм кIуащ
абы и ужкIэ. ЦIыхухэм лIы нэф гуэр къыхуашэри, абы теIэбэну
Хьисэ елъэIуащ. [23]Хьисэ нэфым и Iэр иубыдри, жылэм дишащ.
Нэфым и нэхэм щIэубжьытхэщ, и Iэхэр трилъхьэри, абы еуп-
щIащ Хьисэ:

– Зыгуэр плъагъурэ?

[24] Нэфым и щхьэр къиIэтри, жиIащ:

– ЦIыхухэр зекIуэу солъагъу. Ахэр жыгхэм ещхьщ.

[25] Хьисэ и Iэхэр нэфым и нэхэм трилъхьащ аргуэру. Арати,
лIым и нэр къэплъэжащ, Ар хъужри, псори IупщIу илъагъу
хъужащ. [26]Хьисэ а лIым жриIащ итIанэ:

– Жылэм удэмыхьэж икIи зыми зыри хуумыIуэтэж.

ИтIанэ и унэм кIуэжыну иутIыпщыжащ ар Хьисэ.

### *«Уэращ Мэссихьыр», жиIэу Петр Хьисэ зэрыжриIар*

*(Маттэ 16:13-20; Лука 9:18-21)*

[27]Хьисэрэ и гъуэгу ирикIуэхэмрэ Кесарфилиппие къалэм* и
Iэхэлъахэм щыIэ жылэхэмкIэ яунэтIащ. ЗдэкIуэм, Хьисэ и гъуэгу
ирикIуэхэм еупщIащ:

– ЦIыхухэм сэ сыхэту жаIэрэ?

[28]–ЦIыхухэр зыумэхъ у-Иуану жаIэ языныкъуэхэм, –
къыжраIащ абыхэм. – У-Иляс бегъымбару* жаIэ нэгъуэщIхэми.
Бегъымбархэм уащыщ гуэру жызыIи щыIэщ.

[29] – АтIэ фэ сэ сыхэту жыфIэрэ? – еупщIащ Хьисэ абыхэм.

– Уэращ Мэссихьыр,* – къыжриIащ Петр Хьисэ.

[30]Ар зыми хуамыIуэтэжыну Хьисэ абыхэм быдэу яжриIащ.

---

8:27 Кесарфилиппие къалэр – Галилей гуэлым километр 40-кIэ пэжыжьэу ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэ итащ.

8:28 Иляс бегъымбарыр – еплъ Маттэ 16:14.

8:29 Мэссихь – еплъ Маттэ 1:17.

*ЗэраукIынури лIахэм къазэрыхэтэджыкIыжынури Хьисэ къызэрыжиIар*
*(Маттэ 16:21-28; Лука 9:22-27)*

[31]Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм мыпхуэдэу яригъащIэу щIидзащ:
– ЦIыху Лъэпкъым и Къуэм* гугъуехь куэд ишэчын хуейщ.
Нэхъыжьхэми, дин пашэшхуэхэми, торэт егъэджакIуэ пашэхэ-
ми ар зыхахун икIи яукIын хуейщ, ауэ яукIа нэужь, махуищ
дэкIмэ, ар лIахэм къахэтэджыкIыжын хуейщ.
[32]ЩIэхъумэ лъэпкъ хэмылъу ар яхуиIуэтащ Хьисэ. Хьисэ лъэ-
ныкъуэкIэ Iуишри, абы жиIар хуимыдэу щIидзащ Петр. [33]Хьисэ
зыкъригъэзэкIри, и гъуэгу ирикIуэхэм яхэплъэурэ, Петр егиящ:
– ЗбгъэдэкI, шейтIан. Уэ уи гупсысэкIэр Тхьэм и гупсысэкIэу щыткъым, атIэ цIыхум и гупсысэкIэщ.
[34] Хьисэ цIыху гупышхуэмрэ и гъуэгу ирикIуэхэмрэ къриджэ-
ри, яжриIащ итIанэ:
– Си ужь зыгуэр къиувэну хуеймэ, езыр зыхуей Iуэхугъуэхэр
кърегъанэ, лIэныгъэм и жор кърещти, си ужь къреувэ; [35] сыт
щхьэкIэ жыпIэмэ зи псэр къезыгъэлыну хуей дэтхэнэми и псэр
фIэкIуэдынущ, ауэ сэр щхьэкIи хъыбарыфIым* щхьэкIи зи псэр
зыфIэкIуэд дэтхэнэми и псэр къригъэлынущ. [36] Дуней псор зы
цIыхум ей хъуумэ, езыр кIуэдмэ, а цIыхум фIыуэ къыхуэхэкIынур
сыт? ЦIыхум и псэм щхьэкIэ уасэу итыфынур сыт? [38] Иджырей
цIыхуу Тхьэр зымыщIэу гуэныхь зыщIэхэм ящыщу сэрэ си псалъэхэмрэ къыттеукIытыхь дэтхэнэми сэ, ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр, абы сытеукIытыхьыжынущ. МелыIыч лъапIэхэр си гъусэу, си Адэм и щIыхьышхуэм хуэдэ щIыхьышхуэ сиIэу сыкъыщыкIуэжкIэ, сытеукIытыхьыжынущ абы.

## 9-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

– Пэжыр нывжызоIэ, – яжриIащ Хьисэ абыхэм, – Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр* лъэкIыныгъэшхуэкIэ къэкIуауэ ялъагъуху, лIэныгъэр зылъэмыIэсын яхэтщ мыбдежым щыт цIыхухэм.

8:31 ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр – еплъ Маттэ 8:20.

8:35 хъыбарыфIыр – еплъ Маттэ 1:1.

9:1 Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр – еплъ 1:15.

### *Хьисэ и теплъэм зэрызихъуэжар*
*(Маттэ 17:1-13; Лука 9:28-36)*

2 Махуих дэкIа нэужь, Хьисэ Петр, Екъуб, Иуан сымэ зыщIи-
гъури, бгы лъагэм щхьэхуэу дишащ. Абыхэм я пащхьэм Хьисэ
и теплъэм зыщихъуэжащ абдежым. 3 Дунейм тет жьыщIакIуэм
щыгъынхэр ижьыщIурэ хужь зэрыхъум нэхърэ нэхъ хужь хъуащ
Хьисэ и щыгъынхэр. 4Бегъымбархэу Илясрэ Мусэрэ абыхэм
къахуэлъэгъуэри, Хьисэ къепсэлъащ.
5 – Равви, мыбдежым дызэрыщыIэр фIыщ, – къыжриIащ
Петр Хьисэ. – Шэтырищ дгъэувынщ, зыр уэр щхьэкIэ, зыр Мусэ
щхьэкIэ, ещанэр Иляс щхьэкIэ.
6 Петр жиIэнур ищIэртэкъым, ахэр шынагъуэм зэщIиубы-
дати.
7Зы пшэ Iэрамэ къакIуэри, абыхэм къащхьэщыхьащ абы и
ужькIэ. А пшэм зы макъ къыхэIукIащ:
– Мыращ сэ фIыуэ слъагъу си Къуэ щIасэр. Абы жиIэм фе-
даIуэ.*
8 Щыщаплъыхьым, напIэзыпIэм Хьисэ фIэкI, нэгъуэщI зыри
ялъагъуакъым абыхэм.
9Бгым къыщехыжым, ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр лIахэм къа-
хэтэджыкIыжыху, ялъэгъуар зыми хуамыIуэтэжыну Хьисэ абы-
хэм унафэ яхуищIащ. 10А псалъэхэр я гум къинащ икIи «ЛIахэм
къахэтэджыкIыжыху жыхуиIам кърихъэкIар сыту пIэрэ Хьисэ?»
жаIэурэ зэупщIыжащ ахэр.
11 – Торэт егъэджакIуэ пашэхэм «Иляс бегъымбарыр япэ-
щIыкIэ къэкIуэн хуейщ», щIыжаIэр сыт? – къеупщIащ ахэр
Хьисэ.
12 – Пэжщ, Иляс бегъымбарыр япэщIыкIэ къэкIуэнурэ, Iуэху
псори захуагъам тету зэтригъэувэжын хуейщ, – яжриIащ Хьисэ,
– ауэ Тхьэм и псалъэ тхахэм зэрыхэтым хуэдэу, ЦIыху Лъэп-
къым и Къуэм гугъуехь куэд ишэчын икIи ар цIыхухэм зыхахун
хуейщ. 13Сэ нывжызоIэ, Иляс къэкIуакIэщ,* Iейуэ иращIэну зы-
хуеяр иращIащ, Тхьэм и псалъэ тхахэм абы теухуауэ зэрыхэтым
хуэдэу.

---

9:7 Мыращ сэ фIыуэ слъагъу си Къуэ щIасэр. Абы жиIэм федаIуэ – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 2:7; 1 Мусэ 22:2 икIи 5 Мусэ 18:15.

9:13 Иляс къэкIуакIэщ – Хьисэ жыхуиIар умэхъакIуэ Иуаныр (Яхьяр) арщ. Иуаныр Мэссихь и гъуэгур хуигъэпсыну Тхьэм къызэригъэгугъа Иляс бегъымбарыр арщ. Еплъ Маттэ 16:14.

*Жин бзаджэм иIыгъ щIалэ гуэр Хьисэ зэригъэхъужар*
*(Маттэ 17:14-20; Лука 9:37-43а)*

14Хьисэрэ абы и гъусищымрэ и гъуэгу ирикIуэ адрейхэм я
деж къыщагъэзэжым, цIыху гупышхуэм къаувыхьауэ, торэт
егъэджакIуэ пашэ гуэрхэр абыхэм къедауэу ялъэгъуащ. 15Хьисэ
къызэралъагъуу, цIыху псоми ягъэщIэгъуащ икIи къыбгъэдэ-
лъадэри, фIэхъус кърахащ.
16 – Абыхэм фащIедауэр сыт? – еупщIащ Хьисэ и гъуэгу ири-
кIуэхэм.
17 ЦIыху гупышхуэм хэт гуэр къахэпсэлъыкIри, къыжриIащ:
– Дин егъэджакIуэ, сэ си щIалэр бзагуэ зыщIа жин бзаджэм
иIыгъти, къыпхуэсшащ. 18 Жин бзаджэр щIалэм къыхыхьэху,
абы щIым зыхрегъадзэ. Тхъурымбэ къыжьэдэхуу, и дзэхэри
зэригъэшхыу зэщIокIэзызэ. Уи гъуэгу ирикIуэхэм селъэIуащ
жин бзаджэр щIалэм къыхахуну, ауэ яхузэфIэкIакъым.
19 – Еууей, фIэщхъуныгъэ зимыIэ иджырей цIыхухэ! – яж-
риIащ Хьисэ. – Сыт хуэдизрэ сыфхэтын хуей? Сыт хуэдизрэ
фысшэчын хуей? Къысхуэфшэ а щIалэр.
20ЩIалэр Хьисэ къыхуашащ. Жин бзаджэм, Хьисэ зэрилъа-
гъуу, щIалэр къигъэкIэзызащ. Тхъурымбэр къыжьэдэхуу щIым
къытеджалэри, укIуриящ щIалэр.
21 – Сыт лъандэрэ щыт мыр мыпхуэдэу? – еупщIащ Хьисэ
щIалэм и адэм.
– ЗэрыцIыкIу лъандэрэ, – жиIащ щIалэм и адэм. 22 – Жин
бзаджэм ар игъэкIуэдын щхьэкIэ, мафIэми псыми куэдрэ хедзэ.
Зыгуэр пхузэфIэкIынумэ, гущIэгъу къытхуэщIи, къыддэIэпы-
къу.
23 – «Зыгуэр пхузэфIэкIынумэ», жыбоIэ-тIэ, – жриIащ Хьисэ
а лIым. – ФIэщхъуныгъэ зиIэм хузэфIэмыкIын Iуэху зыри щыIэ-
къым.
24ЩIалэм и адэм макъышхуэкIэ жиIащ асыхьэтым:
– Си фIэщ мэхъу. Си фIэщмыхъуныгъэм сытекIуэну къыз-
дэIэпыкъу.
25ЦIыху гупышхуэ къызэхуэсу щилъагъум, Хьисэ жин бзад-
жэм егийри, жриIащ:
– Уэ, цIыхухэр бзагуэ икIи дэгу зыщI жин бзаджэ, унафэ
ныпхузощI, мы щIалэм хэкIыжи, зэи ухэмыхьэж.
26 Жин бзаджэр ину къэкIийщ, щIалэр хуабжьу игъэкIэзызри,
абы хэкIыжащ. ЩIалэр хьэдэм хуэдэ хъуати, цIыхухэм ящыщ

куэдым «Ар лIащ», жаIэрт. 27 Ауэ Хьисэ щIалэм и Iэр иубыдащ,
и лъэр къыщIэувэжри, щIалэр къэтэджыжащ.

28 Хьисэ унэ гуэрым щыщIыхьэм, и гъуэгу ирикIуэхэр я за-
къуэу къэнати, къеущIащ абы и ужькIэ:

– Жин бзаджэр хэтхун дэ щхьэ тхузэфIэмыкIарэ?

29 – Мыпхуэдэ лIэужьыгъуэр Тхьэм узэрелъэIумрэ узэры-
нэщIымрэкIэ фIэкI, нэгъуэщIкIэ цIыхум хэпхуфынукъым.

*ЗэраукIынури лIахэм къазэрыхэтэджыкIыжынури*
*Хьисэ етIуанэу къызэрыжиIар*
*(Маттэ 17:22-23; Лука 9:43-45)*

30 Хьисэрэ абы и гъуэгу ирикIуэхэмрэ а щIыпIэм икIыжри,
Галилей хэкум кIуэцIрыкIащ. Ахэр здэщыIэр зыми къищIэну
Хьисэ хуейтэкъым, 31 и гъуэгу ирикIуэхэм Iуэхугъуэхэр яри-
гъащIэрти. Мыпхуэдэу яжриIащ абыхэм:

– ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр цIыхухэм яIэщIыхьэнурэ, абы-
хэм ар яукIынущ, ауэ яукIа нэужь, махуищ дэкIауэ, ар лIахэм
къахэтэджыкIыжынущ.

32 Абы и гъуэгу ирикIуэхэм а псалъэхэр къагурыIуакъым,
аргуэру къеупщIыжынуи шынащ.

*Нэхъ ин дыдэр хэт?*
*(Маттэ 18:1-5; Лука 9:46-48)*

33 Хьисэ Капернаум къалэм къэкIуэжащ. Унэм щIыхьэжа
нэужь, Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм еупщIащ:

– Гъуэгум фыщытетым, сыт фэ фызытепсэлъыхьар?

34 Абыхэм зыри жаIакъым, гъуэгу щытетым, «Дэ тщыщу хэт
нэхъ ин дыдэр?» жаIэурэ ахэр зэдэуати. 35 Хьисэ тIысщ, и гъуэгу
ирикIуэ цIыху пщыкIутIыр къриджэри, яжриIащ:

– Зыгуэр я пэ итыну хуеймэ, ар я ужь дыдэ итын икIи псоми
Iуэхутхьэбзащ Iэ яхуэхъун хуейщ.

36 ЩIалэ цIыкIу гуэрым и Iэр иубыдщ, яку дигъэувэри, IэплIэ
иришэкIыурэ яжриIащ итIанэ:

37 – Мыпхуэдэ сабийр си цIэкIэ езыгъэблагъэ дэтхэнэми сэ
сригъэблэгъауэ мэхъу; сэ сезыгъэблагъэ дэтхэнэми иригъэбла-
гъэр си закъуэкъым, сыкъэзыгъэкIуари иригъэблэгъауэ мэхъу.

### *Къыфпэмыувыр фи гъусэщ*
*(Лука 9:49-50)*

38 – Дин егъэджакIуэ, лIы гуэрым уэ уи цIэкIэ жин бзаджэхэр
цIыхухэм яхихуу тлъэгъуащ, – къыжриIащ Иуан Хьисэ. – Ар
дэ зэрытщымыщым щхьэкIэ дгъэувыIэну дыхэтащ.
39 – ФымыгъэувыIэ ар, – жиIащ Хьисэ, – сэ си цIэкIэ Iуэху
телъыджэ зыщIэр и ужькIэ IейкIэ къысхуэпсэлъэн лъэкIы-
нукъыми. 40 Фэ къыфпэмыувыр фи гъусэщ. 41 Пэжыр нывжызоIэ,
Мэссихь и гъуэгу фызэрырикIуэм щхьэкIэ, хэту щытми, псы
фалъэ фезыгъафэм и Iыхьэф I фIэкIуэдынукъым.

### *Гуэныхь ящIэну цIыхухэр дезыгъэхьэх Iуэхухэр*
*(Маттэ 18:6-9; Лука 17:1-2)*

42 – Мы цIыкIухэм ящыщу сэркIэ фIэщхъуныгъэ зиIэм
гуэныхь ищIэну дезыгъэхьэх дэтхэнэми и пщэм щхьэл мывэ
кIэращIэу, хым хадзатэмэ, абы дежкIэ нэхъыфIт. 43,44 Уи Iэм
гуэныхь пщIэну удригъэхьэхмэ, пыупщIыж. Уи IитIыр уиIэу,
цIыхул зыщх хьэпщхупщ ажалыншэхэмрэ мафIэ мыун-
кIыфIыжымрэ* здэщыIэ жыхьэнмэм укIуэ нэхърэ, уIэшэу
мыкIуэдыжын гъащIэ бгъуэтыныр уэркIэ нэхъыфIщ. 45,46Ап-
хуэдэ дыдэу, уи лъакъуэм гуэныхь пщIэну удригъэхьэхмэ,
пыупщIыж. Уи лъакъуитIыр уиIэу, цIыхул зыщх хьэпщхупщ
ажалыншэхэмрэ мафIэ мыIункIыфIыжымрэ здэщыIэ жы-
хьэнмэм ухадзэ нэхърэ, улъашэу мыкIуэдыжын гъащIэ
бгъуэтыныр уэркIэ нэхъыфIщ. 47,48Апхуэдэ дыдэу, уи нэми
гуэныхь пщIэну удригъэхьэхмэ, къитхъыж. Уи нитIыр уиIэу,
цIыхул зыщх хьэпщхупщ ажалыншэхэмрэ мафIэ мыун-
кIыфIыжымрэ здэщыIэ жыхьэнмэм ухадзэ нэхърэ, зы нэ
лъэныкъуэм фIэкIа уимыIэми, Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм ущIы-
хьэныр уэркIэ нэхъыфIщ. 49 Дэтхэнэ цIыхури мафIэкIэ шыуа
хъунущ, икIи дэтхэнэ къурмэныпхъэри шыгъукIэ яшыунущ.
50 – Шыгъур фIыщ, атIэ шыгъум и гуащIэр хэкIмэ, абы ар
дауэ зэрыхэфлъхьэжынур? Шыгъум и гуащIэр зивгъыIэ,
фызэгурыIуэу фызэдэпсэу.

---

9:43-44 хьэпщхупщ ажалыншэхэмрэ мафIэ мыункIыфIыжымрэ – еплъ Ешайа бе-
гъымбарым и тхылъым 66:24.

# 10-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Фыз игъэкIыжыным теухуауэ*
*(Маттэ 19:1-12)*

А лъэныкъуэм икIыжри, Иордан псым и адрыщIым щыIэ
Иудей хэкум кIуащ Хьисэ. ЦIыху гупышхуэхэр абы и деж къы-
щызэхуэсащ аргуэру икIи, зэрихабзэу, Хьисэ абыхэм Тхьэм и
псалъэхэр яригъащIэу щIидзащ.

2 Фарисей гуэрхэр къыбгъэдыхьэри, щагъэуэн мурадкIэ Хьисэ
къеупщIащ:

– ЛIым и фызыр хабзэкIэ иригъэкIыж хъуну?

3 – Мусэ бегъымбарым сыт унафэу къыфхуищIар? – еупщIащ
Хьисэ абыхэм.

4 – ЛIы гуэрым и фызыр зэрыригъэкIыж тхылъ итхмэ, фы-
зыр иригъэкIыжыну Мусэ бегъымбарым хуит ищIащ,* – жаIащ
абыхэм.

5 – Мусэ бегъымбарым а унафэр къыфхуитхащ фызэрыеры-
щым щхьэкIэ, – яжриIащ Хьисэ абыхэм. 6 – ЩIэдзапIэм деж
Тхьэм дунейр щиухуэм, цIыхухэр «цIыхухъурэ цIыхубзу къигъэ-
щIащ».* 7»Абы къыхэкIкIэ,* лIыр и адэ-анэм яхэкIынурэ, и
фызым щIыгъуу 8 тIури зыпкъ хъунущ». Аращи, ахэр зыпкъщ,
пкъитI хъужыркъым. 9Апхуэдэу щыщыткIэ, Тхьэм гъусэ зэхуи-
щIа цIыхуитIыр цIыхум зэбгъэдигъэкIыж хъунукъым.

10 Унэм здыщIэсым, и гъуэгу ирикIуэхэр а IуэхумкIэ аргуэру
къеупщIащ Хьисэ. 11Хьисэ яжриIащ:

– Зи фыз изыгъэкIыжу нэгъуэщI фыз къэзышэж дэтхэнэми
япэрей фызымкIэ зинэ ищIауэ мэхъу. 12 Фызри и лIым бгъэдэ-
кIыжу нэгъуэщI лIым дэкIуэжмэ, абыи зинэ ищIауэ мэхъу.

*Хьисэрэ сабийхэмрэ*
*(Маттэ 19:13-15; Лука 18:15-17)*

13 ЦIыхухэм я сабийхэр Хьисэ къыхуашэрт трагъэIэбэну,
Тхьэм и нэфI къащыхуэн щхьэкIэ. Ауэ Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм

---

10:4 Мусэ бегъымбарым хуит ищIащ – еплъ 5 Мусэ 24:1.

10:6 цIыхухъурэ цIыхубзу къигъэщIащ – еплъ 1 Мусэ 1:27.

10:7-8 Абы къыхэкIкIэ – еплъ 1 Мусэ 2:24.

ар цIыхухэм хуадакъым. [14]Ар щилъагъум, губгъэн хэлъу, Хьисэ абыхэм яжриIащ:

– Сабийхэр си деж кърекIуэ, фапэрымыуэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ ахэр Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм щIэтщи. [15] Пэжыр нывжызоIэ, сабийм Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр къызэрищтэм хуэдэу къэзымыщтэ дэтхэнэри а тепщэныгъэшхуэм щIыхьэнукъым.

[16] Сабийхэм IэплIэ ярищэкIым, и Iэхэр ятрилъхьэурэ, Тхьэм и нэфI къащыхуэну елъэIурт Хьисэ.

## *ЛIы бейр*

*(Маттэ 19:16-30; Лука 18:18-30)*

[17]Хьисэ гъуэгум щытехьэжым, лIы гуэр къыбгъэдэлъадэщ, абы и пащхьэм лъэгуажьэмыщхьэу къитIысхьэри, къеупщIащ:

– Дин егъэджакIуэфI, мыкIуэдыжын гъащIэ Iыхьэф I къыслъысын щхьэкIэ, сыт сщIэн хуейр?

[18] – ФIыкIэ сыт укъыщIызэджэр? – жриIащ Хьисэ а лIым. – Тхьэм фIэкIа, зыри фIы щыIэкъым. [19] Тхьэм и унафэхэр* уощIэ: «ЦIыху умыукI, зинэ умыщIэ, умыдыгъуэ, нэгъуэщI цIыхухэм пцIы ятумылъхьэ, цIыхухэм яIэр гъэпцIагъэкIэ къатумых, уи адэмрэ уи анэмрэ пщIэ яхуэщI».

[20] – Дин егъэджакIуэ, – къыжриIащ а лIым Хьисэ, – а псори си щIалэгъуэм къыщыщIэдзауэ согъэзащIэ.

[21]Ар щыжиIэм, Хьисэ а лIым еплъщ, игу ирихьри, жриIащ:

– Зыщ уи щыщIагъэр. КIуэ, уиIэ псори щэжи, ахъшэр тхьэмыщкIэхэм яхуэгуэш. Уафэм мылъкушхуэ ущиIэ хъунущ абы щыгъуэ. Жорыр къащтэ, къакIуи, си ужь къиувэ итIанэ.

[22]Хьисэ ар щыжиIэм, лIым и нэгур къызэхэуэри, игу хэщIауэ IукIыжащ, мылъкушхуэ иIэти.

[23]Хьисэ зиплъыхьри, и гъуэгу ирикIуэхэм яжриIащ:

– Мылъкушхуэ зиIэхэм я дежкIэ Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм щIыхьэныр икъукIэ гугъущ!

[24]Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм а псалъэхэр щызэхахым, хуабжьу ягъэщIэгъуащ. Ауэ Хьисэ аргуэру яжриIащ:

– Си ныбжьэгъухэ, мылъкум щыгугъхэм я дежкIэ Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм щIыхьэныр куэду гугъущ! [25] Бейр Тхьэм и

---

10:19 Тхьэм и унафэхэр – еплъ 2 Мусэ 20:12-16 икIи 3 Мусэ 19:18.

ТепщэныгъэшхуэмщIыхьэн нэхърэ мастэнэм махъшэкIэ икIыныр нэхъ тыншщ.

[26]Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм ари икъукIэ ягъэщIагъуэри, зэупщIыжащ:

– Апхуэдэу щыщыткIэ, мыкIуэду зыкъригъэлын зыхузэфIэкIынур хэт?

[27]Абыхэм еплъри, Хьисэ жиIащ:

– ЦIыхухэм езыхэм мыкIуэду зыкърагъэлын яхузэфIэкIыркъым, ар зыхузэфIэкIыр Тхьэращ; Тхьэм хузэфIэмыкIын Iуэху зыри щыIэкъыми.

[28] – Мис, дэ диIа псори къэдгъанэри, уэ уи ужь дыкъиуващ, – жриIащ Петр Хьисэ.

[29,30] – Пэжыр нывжызоIэ, – жиIащ Хьисэ, – сэр щхьэкIи хъыбырыфIым* щхьэкIи е и унэр, е и къуэшхэр, е и шыпхъухэр, е и адэр, е и анэр, е и фызыр, е и бынхэр, е и щIапIэри къэзыбгына дэтхэнэми иджы мы дунейм унэхэри, къуэшхэри, шыпхъухэри, анэхэри, бынхэри, щIыгухэри хуэдищэу щигъуэтыжынущ икIи а цIыхум гугъуехь куэд ирагъэшэчынущ. Ахърэтми мыкIуэдыжын гъащIэ щиIэ хъунущ. [31]Ауэ япэ итхэм ящыщ куэд я ужь къинэнущ, я ужь итхэри япэ ищынущ.

### *ЗэраукIынури лIахэм къазэрыхэтэджыкIыжынури Хьисэ ещанэу къызэрыжиIар*
*(Маттэ 20:17-19; Лука 18:31-34)*

[32] ЕрусалимкIэ дэкIуейуэ, гъуэгу щытетым, и гъуэгу ирикIуэхэм я пэ иту кIуэрт Хьисэ. ЯгъэщIагъуэу, ягури къигузэвэкIыу ахэр абы и ужь итт. Хьисэ и гъуэгу ирикIуэ цIыху пщыкIутIыр лъэныкъуэкIэ аргуэру Iуишри, езым къыщыщIынур яжриIэу щIидзащ.

[33] – Мис, дэ ЕрусалимкIэ дыдокIуей иджы, – жиIащ абы. – ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр* дин пашэшхуэхэмрэ торэт егъэджакIуэ пашэхэмрэ щаIэщIыхьэнущ абы. Абыхэм укI къытралъхьэнущ икIи хамэ лъэпкъхэм* IэщIалъхьэнущ ар. [34]Ахэр абы къыщыдыхьэшхынущ, къеубжьытхынущ, щIопщкIэ къеуэнущ

10:29-30 хъыбарыфIыр – еплъ Маттэ 1:1.

10:33 ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр – еплъ Маттэ 8:20.

10:33 хамэ лъэпкъхэр – мыбдежым абы къикIыр рим тепщэныгъэ зиIэхэр арщ.

икIи яукIынущ. ЯукIа нэужь, махуищ дэкIауэ, ар лIахэм къа-
хэтэджыкIыжынущ.

*Екъубрэ Иуанрэ Хьисэ зэрелъэIуа Iуэхугъуэр*
*(Маттэ 20:20-28)*

35 Зеведей и къуэхэу Екъубрэ Иуанрэ къыбгъэдыхьэри, Хьисэ
къыжраIащ:
– Дин егъэджакIуэ, дэ дызэрынолъэIунур къытхуэпщIэну ды-
хуейщ.
36 – Сыт фхуэсщIэну фызыхуейр? – щIэупщIащ Хьисэ.
37 – Уи щIыхьышхуэр къыщыскIэ, зыр уи ижьырабгъумкIэ,
адрейр уи сэмэгурабгъумкIэ дытIысыну хуит дыщI, – къыж-
раIащ абыхэм.
38 – Фэ фызыщIэлъэIур фщIэркъым, – яжриIащ Хьисэ. – Сэ
сызэфэну гугъуехь фалъэм итым фэ фефэн флъэкIыну, хьэмэ
цIыхухэм гугъуехькIэ сызэраумэхъынум хуэдэу, фэ абыхэм
зевгъэумэхъын флъэкIыну?
39 – ТлъэкIынщ, – къыжраIащ абыхэм.
– Сэ сызэфэну гугъуехь фалъэм итым фэри фефэнущ, – яжри-
Iащ Хьисэ. – ЦIыхухэм сэ гугъуехькIэ сызэраумэхъынум хуэдэу,
фэри фаумэхъынущ. 40 Ауэ си ижьырабгъумкIэ е си сэмэгура-
бгъумкIэ фытIысыну хуит фысщIын слъэкIынукъым. А
тIысыпIэхэр Тхьэм зыхуигъэхьэзыра цIыхухэм яйщ.
41 Адрей цIыхуипщIу Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм ар щызэ-
хахым, Екъубрэ Иуанрэ хуэгубжьащ. 42 Хьисэ и гъуэгу ири-
кIуэхэр къриджащ итIанэ.
– Фэ фощIэ, – яжриIащ Хьисэ, – мы дунейм тепщэкIэ щызэ-
джэжхэр цIыхухэм я пщэм зэрыдэсыр, пашэхэми цIыхухэм теп-
щэныгъэ зэрыхуаIэри фощIэ. 43 Ауэ апхуэдэ зэхущытыкIэкъым
фэ фяку дэлъын хуейр. Фэ фщыщ ин хъуну хуеймэ, ар Iуэху-
тхьэбзащIэ къыфхурехъу. 44 Фэ фщыщ япэ итыну хуеймэ, ар
псоми пщылI яхурехъу. 45 Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ ЦIыху Лъэ-
пкъым и Къуэр* къыщIэкIуар цIыхухэм я сэбэп зригъэкIын
щхьэкIэкъым, атIэ езым и сэбэп цIыхухэм яригъэкIын икIи
цIыху куэдым щхьэкIэ и псэр щхьэщэхужу итын папщIэщ.

10:45 ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр – еплъ Маттэ 8:20.

*Вартимей зи цIэ нэфыр Хьисэ зэригъэхъужар*
*(Маттэ 20:29-34; Лука 18:35-43)*

[46]Хьисэрэ и гъуэгу ирикIуэхэмрэ Ерихон къалэм кIуащ.
ЦIыху гупышхуэ абыхэм я гъусэу къалэм щыдэкIыжым Тимей
и къуэ Вартимей зи цIэ нэф гуэр факъырэIус щIэлъэIуу гъуэгу
напцIэм тест. [47] Назарет щыщ Хьисэ зэрыблэкIыр щызэхихым,
ар макъышхуэкIэ къэджащ:

– Даут и Къуэ* Хьисэ, гущIэгъу къысхуэщI!

[48] ЦIыху куэдым ямыдэу, «Щыгъэт!» жраIащ, арщхьэкIэ ар
нэхъ макъышхуэкIэ къэджащ аргуэру:

– Даут и Къуэ, гущIэгъу къысхуэщI!

[49]Хьисэ къэувыIэри, жиIащ:

– Моуэ къысхуевджэт ар.

– Умыдзыхэ, къэтэдж, езыр къоджэ, – жаIэри нэфыр къра-
джащ. [50] Нэфым и щыгъын щIыIутелъыр зыщидзщ, къыщылъэ-
три, Хьисэ къыбгъэдыхьащ.

[51] – Сыт пхуэсщIэну узыхуейр? – еупщIащ Хьисэ а лIым.

– Равви, си нитIыр къысхуэгъэплъэж, – къыжриIащ нэфым.

[52] – КIуэж, – жриIащ Хьисэ. – Уи фIэщхъуныгъэм уигъэхъу-
жащ.

Нэфым и нэхэр асыхьэтым къэплъэжри, Хьисэ и ужь иту гъуэгум техьащ.

## 11-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*ЩIыхьышхуэ иIэу, Хьисэ Ерусалим зэрыдыхьар*
*(Маттэ 21:1-11; Лука 19:28-40; Иуан 12:12-19)*

Хьисэрэ и гъуэгу ирикIуэхэмрэ Ерусалим пэгъунэгъу хъуащ.
Елеон Iуащхьэм и лъапэм тес жылэхэу Виффагиерэ Вифаниерэ
щынэсым, Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм ящыщу цIыхуитI япэ
иригъэщащ, [2] мыпхуэдэу яжриIэри:

– Фяпэ ит жылэм фыдыхьэ. Фызэрыдыхьэу, цIыху зэи зыте-
мытIысхьа шыд шыщIэ епхауэ фрихьэлIэнущ. Ар къы-

10:47 Даут и Къуэр – еплъ Маттэ 9:27.

кIэрыфтIэтыкIи, къафшэ. [3]«Сыт фщIэр?» жиIэу зыгуэрым
къывжиIэмэ, «Зиусхьэныр абы хуейщ», жефIи, ар къэфшэну хуит
фищIынущ асыхьэту.

[4]Ахэр кIуэри, куэбжэм епхауэ, шыд шыщIэ уэрамым
щрихьэлIэри, къыкIэратIэтыкIащ. [5]Абдежым щытхэм ящыщ
гуэрхэм жаIащ:

– Сыт шыд шыщIэр къыщIыкIэрыфтIэтыкIыр?

[6]Хьисэ зэрыжиIам тету жэуап щратыжым, шыд шыщIэр
къашэну хуит ящIащ. [7] Шыд шыщIэр Хьисэ деж къашэри, я
щыгъынхэр тралъхьащ. Хьисэ шыд шыщIэм шэсащ. [8]ЦIыху
куэдым я щыгъынхэр Хьисэ гъуэгум хутраубгъуэрт, хадэхэм
ит жыгхэм къудамэхэр къыпаупщIурэ гъуэгум хутралъхьэрт
нэгъуэщIхэми. [9] Хьисэ и пэ иту кIуэхэми, и ужь иту кIуэхэми
макъышхуэкIэ жаIащ:

Хьусаннэ!* Зиусхьэным и цIэкIэ къакIуэм
  щIыхьышхуэр ейщ!
[10] Ди адэшхуэу Даут и тепщэныгъэу къакIуэм
  щIыхьышхуэр ейщ!
Хьусаннэ! Тхьэу Лъагэм щIыхьышхуэр ейщ!*

[11] Хьисэ Ерусалим дыхьэри, Тхьэм и унэшхуэм щIыхьащ
итIанэ. Псори къызэпиплъыхьа нэужь, махуэр хэкIуэтати, къалэм дэкIри, и гъуэгу ирикIуэ цIыху пщыкIутIыр и гъусэу, Вифание жылэм кIуащ.

*Хьисэ ахъуо жыгым зэребгар*
*(Маттэ 21:18-19)*

[12] ЕтIуанэ махуэм ахэр Вифанием щыдэкIыжым, Хьисэ къэмэжэлIащ. [13] ПщIащэ зыпыт зы ахъуо жыг жыжьэу щилъагъум,
пшхы хъун къыпыкIамэ еплъыну кIуащ. Жыгым щынэсым,
тхьэмпэ фIэкI зыри пигъуэтакъым, ахъуом и хъугъуэтэкъыми.
[14]Апхуэдэу щыхъум, Хьисэ жыгым жриIащ:

– Нобэ щыщIэдзауэ уэ къыппыкIауэ зыри зыми игъащIэкIэ
иремыщх.

И гъуэгу ирикIуэхэм ар зэхахащ.

---

11:9 Хьусаннэ – щIыхь псалъэщ.

11:9-10 Еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур ) 117:25-26.

*Хьисэ сатуущIэхэр Тхьэм и унэшхуэм къызэрыщIихуар*
*(Маттэ 21:12-17; Лука 19:45-48; Иуан 2:13-22)*

15 Ерусалим нэсащ. Хьисэ Тхьэм и унэшхуэм щIыхьэри, са-
туущIэхэри щэхуакIуэхэри къыщIихуу щIидзащ. Ахъшэ зы-
хъуэжхэм я Iэнэхэмрэ тхьэрыкъуэ зыщэхэм я шэнтхэмрэ щхьэ-
придзащ. 16 Тхьэм и унэшхуэм хьэпшып гуэри зыми щызэ-
рихьэну идакъым Хьисэ. 17 ЦIыхухэм Iуэхугъуэхэр яригъа-
щIэурэ, мыпхуэдэу яжриIащ:
– Тхьэм къызэрыжиIэр и псалъэ тхахэм хэткъэ:* «Сэ си унэр
лъэпкъ псоми тхьэлъэIупIэ яхуэхъунущ»? Ауэ фэ ар «хъун-
щIакIуэ тIысыпIэм»* ещхь фщIащ.
18 Дин пашэшхуэхэмрэ торэт егъэджакIуэ пашэхэмрэ Хьисэ
жиIар щызэхахым, ар зэрагъэкIуэдыну щIыкIэм егупсысу щIа-
дзащ; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Хьисэ яригъащIэу щыта Iуэхухэр
цIыху куэдым яфIэтелъыджэти, дин пашэшхуэхэмрэ торэт егъэ-
джакIуэ пашэхэмрэ Хьисэ щышынэрт.
19 Пщыхьэщхьэр щыхъум, Хьисэрэ абы и гъуэгу ирикIуэ-
хэмрэ къалэм дэкIыжащ.

*Ахъуо жыг гъуар*
*(Маттэ 21:20-22)*

20 Пщэдджыжьым ахъуо жыгым къыщыблэкIыжым, и
лъабжьэм нэсу ар зэрыгъуар ялъэгъуащ. 21Хьисэ и псалъэр игу
къэкIыжри, Петр абы къыжриIащ:
– Равви,* еплъ, узэбга ахъуо жыгыр гъуащ.
22 – ТхьэмкIэ фIэщхъуныгъэ фи гум ивгъэлъ, – яжриIащ Хьисэ
абыхэм. 23 Пэжыр нывжызоIэ, зыгуэрым и гум шэч къримы-
гъыхьэу, жиIэр къэхъункIэ фIэщхъуныгъэ иIэу, мы Iуащхьэм
«ЗыкъэIэти, хым зыхэдзэ!» жриIэмэ, ар къехъулIэнущ. 24Абы
къыхэкIкIэ вжызоIэ, Тхьэм сыт ищIыскIи фыщелъэIукIэ, Тхьэм
ар къызэрыфхуищIэнумкIэ фи гум фIэщхъуныгъэ ивгъэлъи,
къыфхуищIэнущ. 25 Тхьэм фыщелъэIукIэ, фигу зыгуэрым ебгъа-
мэ, хуэвгъэгъу, фи Адэ лъапIэу уафэм щыIэм фэ мыхъумы-
щIагъэу фщIар къыфхуигъэгъун щхьэкIэ. 26Ауэ фэ абы хуэв-

11:17 Тхьэм и псалъэхэм яхэткъэ? – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 56:7.

11:17 хъунщIакIуэ тIысыпIэ – еплъ Иеремие бегъымбарым и тхылъым 7:11.

11:21 равви – «дин егъэджакIуэр» арщ.

мыгъэгъумэ, фи Адэ лъапIэу уафэм щыIэм фэри мыхъумы-
щIагъэу фщIар къыфхуигъэгъунукъым.

*Хьисэ и тепщэныгъэр къезытамкIэ журт пашэхэр*
*къызэреупщIар*
*(Маттэ 21:23-27; Лука 20:1-8)*

27 Хьисэрэ абы и гъуэгу ирикIуэхэмрэ Ерусалим къэкIуэжащ.
Хьисэ Тхьэм и унэшхуэм здыщIэтым, дин пашэшхуэхэр, торэт
егъэджакIуэ пашэхэр, нэхъыжьхэр абы къыбгъэдыхьэри,
28 къеупщIащ:

– Мы Iуэхухэр блэжьыну хуитыныгъэ дэнэ къыздипхар, хьэ-
мэрэ ахэр блэжьыну тепщэныгъэ хэт уэ къозытар?

29 – Сэри фэ Iуэхугъуэ гуэркIэ сынывэупщIынущ, – яжриIащ
Хьисэ. – Жэуап къызэфтыжмэ, сэри нывжесIэнщ мы Iуэхухэр
злэжьыну хуитыныгъэ къыздисхар. 30 Иуан цIыхухэр иумэхъын
щхьэкIэ хэт къэзыгъэкIуар? ЦIыхухэра, хьэмэрэ Тхьэра? Къыз-
жефIэт.

31 – «Тхьэращ Иуан къэзыгъэкIуар», жытIэмэ, «НтIэ, Иуан
жиIахэр сыт фи фIэщ щIэмыхъуар?» жиIэнущ, – зэчэнджэщы-
журэ, жаIэрт абыхэм. 32 – Хьэмэ «ЦIыхухэращ Иуан къэзы-
гъэкIуар», жетIэн? – Ахэр цIыхухэм ящышынэрт; цIыху псоми
Иуан пэжу бегъымбару ялъытэрти. 33 Арати:

– ТщIэркъым, – къыжраIащ Хьисэ.

– Апхуэдэу щыщыткIэ, сэри нывжесIэнукъым мы Iуэхухэр
злэжьыну хуитыныгъэ къыздисхар, – яжриIащ Хьисэ абыхэм.

## 12-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*ЖызумгъэкI бзаджэхэм ятеухуа ущие хъыбарыр*
*(Маттэ 21:33-46; Лука 20:9-19)*

Хьисэ ущие хъыбархэмкIэ цIыхухэм епсалъэу щIидзащ:

– ЛIы гуэрым жызум хадэ игъэтIысащ. Мывэ сэрейкIэ къи-
щIыхьщ, жызум пIытIалъэри ищIри, бэтэгъей игъэуващ. Жы-
зумгъэкI гуэрхэм хадэр яIэщIилъхьэри, хамэ къэрал гуэрым
кIуащ езыр. 2 Жызум пычыжыгъуэр къыщысым, и жызум

Iыхьэр къаIихыну жызумгъэкIхэм я деж унэIут гуэр игъэкIуащ
абы. [3]Ауэ абыхэм унэIутыр яубыдщ, яубэрэжьри, IэнэщIу
къаутIыпщыжащ. [4]Апхуэдэу щыхъум, хадэр зейм нэгъуэщI
унэIут гуэр абыхэм я деж игъэкIуащ. Абы и щхьэр мывэкIэ
къызэгуаудщ, лей къырахри къырахужьэжащ. [5]НэгъуэщI унэIут
гуэр игъэкIуащ аргуэру; ар къаукIащ; нэгъуэщI унэIут куэди
игъэкIуащ; языныыкъуэхэр яубэрэжьащ, языныкъуэхэр яукIыпащ.

[6] – ФIыуэ илъагъу и къуэ закъуэрт къэнэжар. «Си къуэм пщIэ къыхуащIынщ», жиIэри, ари абыхэм я деж игъэкIуащ иужь дыдэу.

[7] – Ауэ жызумгъэкIхэм жаIащ: «Жызум хадэр къызыхуэнэжынур мыращ. Ар дывгъэукIи, хадэр дэ къытхуэнэнщ».
[8]Арати, ар къаубыдщ, яукIри, жызум хадэм къырадзыжащ.

[9] – Жызум хадэр зейм сыт ищIэнур? – къыщIигъужащ Хьисэ. – Ар кIуэнурэ, жызумгъэкIхэр игъэкIуэдынущ, хадэри нэгъуэщIхэм яIэщIилъхьэнущ. [10] Тхьэм и псалъэ тхахэм хэт мы псалъэхэм* феджакъэ:

«УхуакIуэхэм зрамыпэсу хыфIадзэжа мывэр
унэр зэтезыIыгъ мывэ лъабжьэ хъуащ.
[11] Мыр Зиусхьэным къыбгъэдэкI Iуэхущ,
икIи ар дэ тфIэтелъыджэщ»?

[12] Мы ущие хъыбарыр Торэт егъэджакIуэ пашэхэмрэ дин пашэшхуэхэмрэ езыхэм ятеухуауэ Хьисэ къызэрыжиIар къагурыIуати, Хьисэ яубыдыну хэтащ ахэр, ауэ цIыхубэм ящышынэрти, абы и ужь икIри ежьэжащ.

*Хьэкътын ахъшэм теухуауэ*
*(Маттэ 22:15-22; Лука 20:20-26)*

[13]Торэт егъэджакIуэ пашэхэмрэ дин пашэхэмрэ Хьисэ псалъэ гуэрым траубыдэн щхьэкIэ, фарисейхэм ящыщи Ирод пащтыхьым и лъэужь ирикIуэхэм ящыщи Хьисэ деж ягъэкIуащ абы и ужькIэ. [14]Ахэр Хьисэ деж нэсри, жраIащ:

---

12:10-11Тхьэм и псалъэ тхахэм хэт мы псалъэхэр – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 117:22-23.

– Дин егъэджакIуэ, щыпкъагъэ зигу илъ цIыхуу узэрыщытми, цIыхухэм жаIэм зыкIи узэримыгъэгузавэми дыщыгъуазэщ, цIыхухэм я фэм уемыплъу, цIыху псори уи зэхуэдэщи, икIи щыпкъагъэм тету, Тхьэм и гъуэгур цIыхухэм ябогъащIэ. Кесарым* хьэкъытын ахъшэ* етт хъуну, хьэмэ мыхъуну? Еттыну хьэмэрэ едмытыну?

15Ауэ Хьисэ ахэр зэрыфитIнэр ищIэрти, яжриIащ:

– Сыт сыщывгъэуэну фыщIыхэтыр? Зы динар* къысхуэфхьи, сывгъэлъагъу!

16Динар къыхуахьащ абыхэм.

– Хэт и сурэт мыбы тетыр, хэт и цIэ мыбы тетхари? – щIэупщIащ Хьисэ.

– Кесарырщ, – жаIащ абыхэм.

17 – Апхуэдэу щыщыткIэ, кесарым ейр кесарым ефтыж, Тхьэм ейри Тхьэм ефтыж, – яжриIащ Хьисэ абыхэм.

Хьисэ хуабжьу ягъэщIэгъуащ абыхэм.

### *ЛIахэм я къэтэджыжыкIэ хъунумкIэ саддукейхэр Хьисэ къызэреупщIар*

*(Маттэ 22:23-33; Лука 20:27-40)*

18 ЛIахэр къызэрытэджыжынур зи фIэщ мыхъу саддукейхэм*
ящыщ гуп Хьисэ деж къакIуэри, къеупщIащ:
19 – Дин егъэджакIуэ, Мусэ бегъымбарым мыпхуэдэу къыт-
хуитхащ:* «ЛIы гуэрым и къуэш лIэрэ, бын имыIэу фыз къы-
щIэнмэ, и къуэшым унагъуэ хуищIын щхьэкIэ, а лIым фызабэр
къишэжын хуейщ». 20 Зэшибл псэуащ. Абыхэм янэхъыжьым фыз
къишащ, ауэ бын къыщIэмыну дунейм ехыжащ. 21Абы къы-
кIэлъыкIуэм а фызыр къишэжащ. Бын къыщIэмыну, ари ду-
нейм ехыжащ, ещанэри апхуэдэщ. 22 Блыми а фызыр я щхьэгъу-
сащ, ауэ бын къащIэнакъым. Псом я ужькIэ фызри дунейм ехы-
жащ. 23 ЛIахэр къыщытэджыжкIэ, хэт ар иджы зи фызынур?
Блыми я щхьэгъусакъэ ар?

---

12:14 Кесар – еплъ Маттэ 22:17.

12:14 хьэкъытын ахъшэр – еплъ Маттэ 5:46.

12:15 динар – еплъ Маттэ 18:24.

12:18 саддукейхэр – еплъ Маттэ 3:7.

12:19 Мусэ бегъымбарым мыпхуэдэу къытхуитхащ – еплъ 5 Мусэ 25:5-6.

[24] – Тхьэм и псалъэ тхахэмрэ Тхьэм и лъэкIыныгъэшхуэмрэ
зэрывмыщIэракъэ фыщIыщыуэр? – яжриIащ Хьисэ абыхэм.
[25] – ЛIахэр къыщытэджыжкIэ, фыз къашэжынукъым, лIыи
дэкIуэжынукъым, атIэ уафэм щыIэ мелыIычхэм ещхьу щыты-
нущ. [26]ЛIахэм я къэтэджыжыкIэ хъунур Мусэ бегъымбарым и
тхылъым иту феджакъэ? Пыжь банэм и хъыбарыр здитым деж
итщ Тхьэр Мусэ бегъымбарым къепсалъэу мыпхуэдэу къызэ-
рыжриIар:* «Сэращ Ибрэхьими, Исхьэкъи, Екъуби я Тхьэр».
[27]Абы къикIыр Тхьэр псэухэмрэ лIауэ жыхуаIэхэмрэ я Тхьэуэ
зэрыщытырщ. Аращи, фэ икъукIэ фыщоуэ.

### *Тхьэм и унафэхэм ящыщу нэхъ ин дыдэр*
*(Маттэ 22:34-40; Лука 10:25-28)*

[28] Торэт егъэджакIуэ пашэхэм ящыщ гуэрым Хьисэрэ сад-
дукейхэмрэ зэрызэдауэр зэхихащ икIи Хьисэ жэуап тэмэм
къазэрыритар илъэгъуати, къыбгъэдыхьэри, къеупщIащ:
– Тхьэм и унафэ псоми ящыщу дэтхэнэра нэхъ ин дыдэр?
[29] – Абыхэм ящыщу нэхъ ин дыдэр* мыращ: «ФыкъэдаIуэ,
израил цIыхухэр, Зиусхьэну ди Тхьэращ зи закъуэу Зиусхьэныр;
[30] уэ уигу псомкIи, уи псэ псомкIи, уи зэхэщIыкI псомкIи, уи
къару псомкIи Зиусхьэну уи Тхьэр фIыуэ лъагъу». [31] ЕтIуанэ
унафэр* мыращ: «Уи щхьэр фIыуэ зэрыплъагъум хуэдэу, уи
гъунэгъури фIыуэ лъагъу». Мы унафитIым нэхърэ нэхъ унафэ
ин щыIэкъым.
[32] – Дэгъуэщ, дин егъэджакIуэ, – къыжриIащ торэт егъэ-
джакIуэ пашэм Хьисэ, – Тхьэр зэрызакъуэр, абы фIэкIа Тхьэ
зэрыщымыIэр пэжу жыпIащ. [33]Ар уигу псомкIи, уи псэ псомкIи,
уи зэхэщIыкI псомкIи, уи къару псомкIи фIыуэ плъагъунур,
икIи уи щхьэр фIыуэ зэрыплъагъум хуэдэу, уи гъунэгъури фIыуэ
плъагъунур Тхьэм папщIэ ягъэс къурмэныпхъэ псомри тыгъэ
псомри нэхърэ куэдкIэ нэхъ лъапIэщ.
[34] Торэт егъэджакIуэ пашэм губзыгъэу жэуап къызэритар
щилъагъум, Хьисэ абы жриIащ:

---

12:26 Тхьэм Мусэ епсалъэу … къызэрыжриIар – еплъ 2 Мусэ 3:2-6.

12:29-30 нэхъ ин дыдэр – еплъ 5 Мусэ 6:4-5.

12:31 етIуанэ унафэр – еплъ 3 Мусэ 19:18.

– Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм ущIыхьэным упэжыжьэкъым уэ.

Абы щыщIэдзауэ, Хьисэ нэгъуэщIкIэ еупщIыжыну зыри тегушхуакъым.

*Даут хэт зи къуэр?*
*(Маттэ 22:41-46; Лука 20:41-44)*

35 Тхьэм и унэшхуэм здыщIэтым, цIыхухэм Тхьэм и псалъэхэр
яригъащIэурэ, Хьисэ жиIащ:
– Торэт егъэджакIуэ пашэхэм Мэссихь Даут и къуэу дауэ
жаIэнкIэ хъуа? 36 Тхьэм и Псэ ЛъапIэм езы Даут и гум кърилъ-
хьэри, мыпхуэдэу къыжригъэIакъэ:*

«Тхьэуэ Зиусхьэным
сэ си Зиусхьэным къыжриIащ:
Уи бийхэр уи лъэгу къыщIэзгъэувэху,
си ижьырабгъумкIэ къызбгъэдэтIысхьэ»?

37 – Езы Даут Мэссихьым «Си ЗиусхьэнкIэ» йоджэ, – къыщIи-
гъужащ Хьисэ. – Апхуэдэу щыщыткIэ, Мэссихьыр Даут и Къуэу
дауэ зэрубжынур?
ЦIыху куэд я гуапэу едаIуэрт Хьисэ.

*Торэт егъэджакIуэ пашэхэм я къуаншагъэр Хьисэ къызэрыщIигъэщар*
*(Маттэ 23:1-36; Лука 20:45-47)*

38 ЦIыхухэм Iуэхухэр яригъащIэурэ, Хьисэ жиIащ:
– Торэт егъэджакIуэ пашэхэм фахуэсакъ! Абыхэм фащэ
кIыхьхэр ящыгъыу къакIухьын я щIасэщ. ЦIыху зэхыхьэпIэхэм
езыхэм цIыхухэм пщIэ лей защыхурагъэщIынри, 39 синэгуэгухэм
цIыхухэр щыщызэхуэскIи, гухэхъуэ Iэнэ щытрагъэувэн щыгъуи
тхьэмадэ тIысыпIэхэр яубыдынри яфIэфIщ. 40 Фызабэхэм я унэ-
хэр къытрах. ЦIыхухэр зыщагъэтхъун щхьэкIэ, я тхьэлъэIухэр
кIыхь ящI. Ахэр хуабжьу игъэпшынэнущ Тхьэм.

---

12:36 Тхьэм и Псэ ЛъапIэм Даут … къыжригъэIакъэ? – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 109:1.

*Фызабэм Тхьэм щхьэкIэ ита ахъшэр*
*(Лука 21:1-4)*

41 ЦIыхухэм Тхьэм тыгъэ хуащI ахъшэхэр зыдалъхьэ пхъуан-
тэхэм хуэзанщIэу тIысауэ, цIыхухэм ахъшэхэр пхъуантэхэм
зэрыдалъхьэм еплъырт Хьисэ. ЦIыху къулейхэм ахъшэ куэд
дальхьэрт пхъуантэм. 42 Фызабэ тхьэмыщкIэ гуэр къакIуэри,
гъуаплъэ ахъшэ жьгъеитI дилъхьащ пхъуантэм. Ар зы хъурыщэ
хуэдизт зэрыхъур.
43 И гъуэгу ирикIуэхэр къриджэри, яжриIащ Хьисэ:
– Пэжыр нывжызоIэ, мы фызабэ тхьэмыщкIэм и закъуэ ад-
рей цIыху псоми нэхърэ нэхъыбэ дилъхьащ пхъуантэм; 44 сыт
щхьэкIэ жыпIэмэ а цIыху псоми къелыжа ахъшэм щыщщ
пхъуантэм далъхьар, фызабэм иIэ псори дилъхьащ пхъуантэм
– зэрыпсэуну иIэ мащIэ тIэкIур зэрыщыту.

# 13-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Тхьэм и унэшхуэр зэрызэтекъутэнур Хьисэ къызэрыжиIар*
(Маттэ 24:1-2; Лука 21:5-6)

Тхьэм и унэшхуэм къыщIэкIыжрэ пэт, Хьисэ и гъуэгу ири-
кIуэхэм ящыщ гуэрым къыжриIащ:
– Еплъыт, дин егъэджакIуэ! Мыхэр сыту мывэ ин! Мыхэр
сыту унэ гъэщIэгъуэн!
2 – Мы унэшхуэхэр плъагъурэ? – жриIащ Хьисэ абы. –
МывитI къызэтемынэжу, псори зэтекъутэнущ.

*Гугъуехь куэдым я къежьапIэр*
*(Маттэ 24:3-14; Лука 21:7-19)*

3 Хьисэ, Тхьэм и унэшхуэм хуэзанщIэу, Елеон Iуащхьэм тесу,
Петр, Екъуб, Иуан, Индрис сымэ фIэкIа щIымыгъуу къыщы-
нэм, ахэр къеупщIащ:
4 – КъыджеIэт, а жыхуэпIа Iуэхухэр сыт щыгъуэ къыщы-
хъунур? А псори къызэрыхъунум я нэщэнэхэр сыт?
5 – Зыми фыкъызэримыгъэпцIэным фыхуэсакъ! – яжриIащ
абыхэм Хьисэ. 6 – Си цIэр зыфIащурэ, «Мэссихьыр сэращ»,

жаIэу цIыху куэд къэкIуэнущ, цIыху куэди къагъэпцIэнущ. [7] Гъу-
нэгъууи жыжьэуи, зауэ хъыбар щызэхэфхкIэ, фымышынэ. А
Iуэхухэр къэхъун хуейщ, ауэ дунейм и кIэухыр иджыри къэсауэ
аркъым. [8] Зы лъэпкъыр адрей лъэпкъым, зы къэралри адрей
къэралым езэуэну къызэщIэтэджэнущ. ЩIыр щIыпIэ-щIыпIэ-
хэми хуабжьу щыхъеинущ, гъабли щыхъунущ. А Iуэхухэр гу-
гъуехь куэдым я къежьапIэщ.

[9] – Ауэ фэ фызыхуэсакъыж. Тхьэмадэ хасэхэм фрашэлIэнущ,
синэгуэгухэми щIопщкIэ къыщывэуэнущ. Си гъуэгу фызэры-
рикIуэм щхьэкIэ, Iэтащхьэхэмрэ пащтыхьхэмрэ я пащхьэм,
хъыбарыфIым* щыхьэт фытехъуэн щхьэкIэ фиувэнущ. [10] Хъы-
барыфIыр лъэпкъ псоми хуаIуэтэн хуейщ япэщIыкIэ. [11] Хея-
щIэм* и пащхьэм фрашэну фыщаубыдкIэ, «Сыт жытIэну?»
жыфIэу нэхъапэ щIыкIэ фымыгузавэ. Тхьэм и Псэ ЛъапIэм фи
гум асыхьэтым кърилъхьэ псалъэхэр жыфIэ; сыт щхьэкIэ жы-
пIэмэ фэракъым псэлъэнур, атIэ Тхьэм и Псэ ЛъапIэрщ.

[12] – ЩIалэм и къуэшыр, адэм и быныр тепщэныгъэ зиIэхэм
яригъэукIын мурадкIэ яригъэубыдынущ. Бынхэри я адэ-анэхэм
япэувынущ икIи тепщэныгъэ зиIэхэм ирагъэукIынущ. [13] Си цIэр
зэрывгъэлъапIэм щхьэкIэ, цIыху псори жагъуэгъу къыфхуэхъу-
нущ фэри, ауэ икIэм нэсыху теубыдагъэ зиIэр Тхьэм мыкIуэду
къригъэлынущ.

*Гузэвэгъуэшхуэр*

*(Маттэ 24:15-28; Лука 21:20-24)*

[14] – Ауэ Даниил бегъымбарыр зытепсэлъыхьа «Зэхэзыкъутэ
ГущыкIыгъуэр»* здэщыт мыхъун щIыпIэм щыту щыфлъагъу-
кIэ, (еджэм ар къыгурыреIуэ), Иудей хэкум ис цIыхухэр Iуащ-
хьэхэм ирекIуэлIэж. [15] Унащхьэм тетыр къехыжмэ, зыгуэр
здищтэн щхьэкIэ унэм щIремыхьэж. [16] Губгъуэм итми и щы-
гъын щIыIутелъ здихьын щхьэкIэ къремыгъэзэж. [17] ЦIыхубз
лъэщыджэхэмрэ сабий быдзафэ зиIэхэмрэ гъуэгу мыгъуэ теу-
вэнущ а махуэхэм. [18] ФыщыщIэпхъуэжынур щIымахуэм темы-
хуэн щхьэкIэ Тхьэм фелъэIу; [19] а махуэхэм дунейм гузэвэгъуэ-
шхуэ къыщыхъунущи. Тхьэм дунейр къыщигъэщIам къы-

13:9 хъыбарыфIыр – еплъ Маттэ 1:1.

13:11 хеящIэр – еплъ Маттэ 5:21.

13:14 «Зэхэзыкъутэ ГущыкIыгъуэр» – еплъ Маттэ 24:15.

щыщIэдзауэ нобэр къыздэсым щыIакъым апхуэдэ гузэвэгъуэ-
шхуэ, дяпэкIи щыIэнукъым. 20 Зиусхьэным а махуэхэр нэхъ
мащIэ имыщIатэмэ, зы цIыхуи мыкIуэду къелынутэкъым. Езым
къыхиха цIыхухэм я хьэтыркIэ Зиусхьэным а махуэхэр нэхъ
мащIэ ищIащ. 21 А махуэхэм, «Мис, Мэссихь мыбы щыIэщ»,
жиIэу, е «Мэссихь модэ щыIэщ», жиIэу зыгуэрым къывжиIэмэ,
фи фIэщ фымыщI. 22 Мэссихь нэпцIхэмрэ бегъымбар нэпцIхэмрэ
къежьэнущ. Абыхэм нэщэнэ гъэщIэгъуэнхэри Iуэху
телъыджэхэри къагъэлъагъунущ, Тхьэм къыхиха цIыхухэр
ягъэпцIэн мурадкIэ, ялъэкIмэ. 23 Ауэ фэ фызыхуэсакъыж, а Iуэху
псори къэхъун и пэкIэ, абыхэм я гугъу фхуэсщIащ.

### *ЦIыху Лъэпкъым и Къуэм дунейм къызэригъэзэжынур*
*(Маттэ 24:29-31; Лука 21:25-28)*

24 – А махуэхэм, гузэвэгъуэшхуэм и ужькIэ, дыгъэрункIыфIы-
нущ, мазэри къэунэхужынукъым. 25 Вагъуэхэр уафэм къехуэ-
хынущ, уафэм щыIэ къарухэри къызэщIэхъеенущ. 26 ЦIыху Лъэп-
къым и Къуэр пшэхэм хэтрэ, лъэкIыныгъэшхуэрэ щIыхьы-
шхуэрэ иIэу, къакIуэу цIыхухэм ялъагъунущ абы щыгъуэ.
27 ЦIыху Лъэпкъым и Къуэм и мелыIычхэр иригъэжьэнущ икIи
абыхэм дунейм и лъэныкъуиплIыкIи, зы уафэ гъунэм щыщIэ-
дзауэ адрей уафэ гъунэм нэсыху, езым къыхиха цIыхухэр къыха-
шурэ, абы къыхузэхуашэсынущ.

### *Ахъуо жыгым щыпкъагъэу къыдгуригъаIуэр*
*(Маттэ 24:32-35; Лука 21:29-33)*

28 – Ахъуо жыгым къыщыщIымкIэ зыгурывгъаIуэ: абы и
къудамэхэм псы къыщIыхьэу, пщIащэр къыпыкIэ щыхъукIэ,
гъэмахуэр къызэрыблэгъар къывощIэ. 29 Фэри, мы Iуэхухэр
къэхъуауэ щыфлъагъукIэ, ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр гъунэгъуу,
куэбжэм деж зэрыщытыр зэвгъащIэ. 30 Пэжыр нывжызоIэ, мы
лъэпкъыр мыкIуэдыж щIыкIэ, мы Iуэху псори къэхъунущ.
31 Уафэмрэ щIылъэмрэ кIуэдыжынущ, ауэ си псалъэхэр кIуэды-
жынукъым.

*А махуэмрэ а сыхьэтымрэ къыщысынур зыми ищІэркъым*
*(Маттэ 24:36-44)*

32 – А махуэр е а сыхьэтыр къыщысынур зыми ищІэркъым.
Уафэм щыІэ мелыІычхэми ящІэркъым, Тхьэм и Къуэми ищІэр-
къым. Адэ лъапІэм и закъуэщ ар зыщІэр. 33 Фызыхуэсакъыж!
Фымыжейуэ фысакъ, Тхьэми фелъэІу; а сыхьэтыр къыщысынур
фщІэркъыми. 34Ар зыхуэдэр мыращ: ЛІы гуэр жыжьэ кІуэну,
унэм щІокІ. Езым и Іуэху ищІэну, и унэр унэІутхэм яІэщІелъхьэ
хэти, куэбжэм Іут хъумакІуэми мыжейуэ сакъыну унафэ хуещІ.
35Аращи, фэри фымыжейуэ фысакъ; пщыхьэщхьэрами, жэщ
ныкъуэрами, джэд Іуэгъуэрами, нэху щыгъуэрами, унэр зейр
къыщыкІуэжынур фщІэркъыми. 36 Уащхъуэдэмыщхъуэу абы
къыщигъэзэжым деж фыжейуэ, фыпэмыплъэу къревмыгъэ-
хьэлІэж. 37 Фэ нывжесІэр псоми яжызоІэ: фымыжейуэ фысакъ!

## 14-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Тхьэмадэ Хасэшхуэм щыщ тхьэмадэхэм Хьисэ*
*гъэпцІагъэкІэ яукІыну мурад зэращІар*
*(Маттэ 26:1-5; Лука 22:1-2; Иуан 11:45-53)*

ІутІыж махуэшхуэмрэ ЩІакхъуэ Мыгъэтэдж щашх махуэ-
шхуэхэмрэ* къэсыным махуитІ къэнэжат. Дин пашэшхуэхэмрэ
торэт егъэджакІуэ пашэхэмрэ Хьисэ яукІын щхьэкІэ, гъэ-
пцІагъэкІэ зэраубыдыну щІыкІэм егупсысырт. 2 Абыхэм жаІащ:
– ЦІыхухэм зыкъамыІэтын щхьэкІэ, ар махуэшхуэм трыре-
мыхуэ.

*ЦІыхубз гуэрым Вифание жылэм*
*Хьисэ дагъэ лъапІэ къызэрыщыщихуар*
*(Маттэ 26:6-13; Иуан 12:1-8)*

3Уэшын уз зэфыкІ Симон и унэм щІэсу, и Іэнэм пэрысу, Хьисэ
Вифание жылэм щышхэрт. Здэшхэм, цІыхубз гуэр унэм къы-

14:1 ІутІыж махуэшхуэмрэ ЩІакхъуэ Мыгъэтэдж щашх махуэшхуэхэмрэ – еплъ Маттэ 26:2.

щIыхьащ. Алавастэр зи цIэ мывэм къыхэщIыкIауэ, абы зы
барщыбэ иIыгът. НардкIэ зэджэ къэкIыгъэм и дагъэ къабзэу
икIи лъапIэу мэ IэфI къызыпихыр итт а барщыбэм. ЦIыхубзым
барщыбэр икъутэри, Хьисэ и щхьэм дагъэ трикIащ.
4Ар щалъагъум, зыкъомым губжьауэ жаIащ:
– Мы дагъэ лъапIэр пщIэншэу щIигъэкIуэдар сыт? 5А дагъэр
ящатэмэ, динар щищ нэхърэ нэхъыбэ къыщIэкIынут, тхьэмы-
щкIэхэми хуагуэш хъунут.
Апхуэдэу жаIэурэ, а цIыхубзым щыхьащ.
6 – И ужь фикI! – жиIащ Хьисэ. – Сыт ар щIэвгъэукIытэр?
Сэр щхьэкIэ псапэ ищIащ абы. 7 ТхьэмыщкIэхэр дапщэщи
къыфхэтынущ, фыщыхуейм деж фIы яхуэфщIэфынущ, ауэ сэ
игъащэкIэ сыфхэтынукъым. 8 Мы цIыхубзым лъэкIыр ищIащ.
Абы си пкъым дагъэ къыщихуэри, сызэрыщIалъхьэжынум сы-
хуигъэхьэзыращ. 9 Пэжыр нывжызоIэ, дуней псом хъыбары-
фIыр* щыщызэлъагъэщIыскIэ, мы цIыхубзым ищIари яIуэтэ-
нущ, а цIыхубзыр цIыхухэм я гум фIыкIэ къагъэкIыжын
щхьэкIэ.

### *Иудэ зи цIэм Хьисэ дин пашэшхуэхэм яригъэубыдыну зэрагурыIуар*
*(Маттэ 26:14-16; Лука 22:3-6)*

10Хьисэ и гъуэгу ирикIуэ цIыху пщыкIутIым ящыщу Иудэ
Искариот зи цIэр дин пашэшхуэхэм я деж кIуащ, Хьисэ яри-
гъэубыдын щхьэкIэ. 11Ар щызэхахым, ахэр къэгуфIащ икIи Иудэ
ахъшэ къратыну къагъэгугъащ. Хьисэ абыхэм яригъэубыдын
щхьэкIэ игъуэ щыхъунум пэплъэу щIидзащ Иудэ.

### *Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм IутIыж пщыхьэщхьэшхэ зэрадэшхар*
*(Маттэ 26:17-25; Лука 22:7-14, 21-23; Иуан 13:21-30)*

12 ЩIакхъуэ Мыгъэтэдж щашх махуэшхуэхэм ящыщу япэрей
махуэм, IутIыж щынэр щыфIагъэжу щытам, Хьисэ и гъуэгу
ирикIуэхэм къыжраIащ:

---

14:9 хъыбарыфIыр – еплъ Маттэ 1:1.

– IутIыж пщыхьэщхьэшхэр щыпшхын щхьэкIэ, дэнэ щыпхуэдгъэхьэзырыну ухуей?

[13]Ар щыжаIэм, Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм ящыщ цIыхуитI
къалэм игъэкIуащ, мыпхуэдэу яжриIэри:

– Къалэм фыдыхьи, лIы гуэрым псы кхъуэщын иIыгъыу
къыфхуэзэнущ. А лIым и ужь фиту фыкIуэ. [14]А лIыр зыщIыхьэ
унэр зейм жефIэ: «Дин егъэджакIуэм жеIэ: Сэрэ си гъуэгу ирикIуэхэмрэ IутIыж пщыхьэщхьэшхэр щытшхыну пэшыр дэнэ
щыIэ?» [15]АбыкIэ феупщIа нэужь, гъэщIэрэщIауэ, а Iуэхум тегъэпсыхьауэ, пэшышхуэ лъагэ гуэр фигъэлъагъунущ. Псори абы щытхуэвгъэхьэзыр.

[16]Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэр ежьэри къалэм дыхьащ. Хьисэ зэражриIам тету псори ирахьэлIэри, IутIыж пщыхьэщхьэшхэр ягъэхьэзыращ.

[17] Пщыхьэщхьэ щыхъум, Хьисэ и гъуэгу ирикIуэ цIыху пщыкIутIыр и гъусэу кIуащ. [18]Ахэр Iэнэм пэрысу здэшхэм, Хьисэ жиIащ:

– Пэжыр нывжызоIэ, сэ къыздэшхэхэм фщыщ гуэрым тепщэныгъэ зиIэхэм саригъэубыдынущ.

[19]Ахэр къэнэщхъеящ икIи Хьисэ гъуэрыгъуэу къеупщIу щIадзащ:

– Сэмырауэ пIэрэ а жыхуэпIэр?

[20] – Фэ цIыху пщыкIутIым щыщу си гъусэу лагъэм щIакхъуэ хэзыгъапщIэращ тепщэныгъэ зиIэхэм сезыгъэубыдынур, –
яжриIащ Хьисэ. [21] – Пэжщ, ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр дунейм ехыжынущ, абы теухуауэ Тхьэм и псалъэ тхахэм зэрыхэтым хуэдэу. Ауэ ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр тепщэныгъэ зиIэхэм езыгъэубыдыр гъуэгу мыгъуэ теуващ! А цIыхур къамылъхуауэ щытамэ, езым дежкIэ нэхъыфIт.

### *Зиусхьэным и пщыхьэщхьэшхэр*
*(Маттэ 26:26-30; Лука 22:15-20; 1 Кор. 11:23-25)*

[22]Ахэр здэшхэм, Хьисэ щIакхъуэр къищтэщ, Тхьэм фIыщIэ хуищIрэ, зэгуищIыкIщ, абыхэм яритри жиIащ:

– Къафщти, фшхы. Мы щIакхъуэр сэ си пкъыращ.

[23] Зы фалъэ къищтэщ, Тхьэм фIыщIэ хуищIри яритащ итIанэ.
Абы итым щыщ ефащ псори.

24 – Мы санэр сэ си лъыуэ Тхьэм езымрэ и цIыхухэмрэ яку
дилъхьа зэгурыIуэныгъэр зыгъэщыпкъэр* арщ, – яжриIащ Хьи-
сэ. – ЦIыху куэдым фIы къахудэкIуэн щхьэкIэ, сэ къысщIэкIыну
лъыращ. 25 Пэжыр нывжызоIэ, Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр къы-
щыкIуэнум нэсыху, санэ сефэжынукъым. А махуэм абы аргуэру
сефэнущ.
26 Хьисэрэ абы и гъуэгу ирикIуэхэмрэ тхьэщIыхь уэрэд жаIа
нэужь, унэм щIэкIри, Елеон Iуащхьэм кIуащ.

*«Сэ сыкъыумыцIыхуу жыпIэнущ»,*
*жиIэу Хьисэ Петр зэрыжриIар*
*(Маттэ 26:31-35; Лука 22:31-34; Иуан 13:36-38)*

27 – Утыкум си закъуэу сыкъивнэнущ фэ псоми, – яжриIащ
Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм, – сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэм абы
теухуауэ жиIар и псалъэ тхахэм хэтщ:* «Сэ мэлыхъуэр сыукIы-
нущ, мэлхэри зэбгрыкIыжынущ». 28Ауэ лIахэм сакъыщыхэ-
тэджыкIыжкIэ, фяпэ къыихуэу, Галилей хэкум сыкIуэнущ.
29 – Утыкум псоми укъранэми, сэ укъызнэнукъым, – къыж-
риIащ Петр Хьисэ.
30 – Пэжыр ныбжызоIэ, – жриIащ Хьисэ Петр, – ныжэбэ ды-
дэм джэд тIэу мыIуэ щIыкIэ, сэ сыкъыумыцIыхуу щэнейрэ
жыпIэнущ.
31 – Уэ сыуигъусэу сылIэн хуей хъуми, узмыцIыхуу жысIэну-
къым, – нэхъ трикъузэу жиIащ Петр. Хьисэ и гъуэгу ирикIуэ
адрей лIы псоми жаIащ ар дыдэр.

*Гефсимание жыг хадэм Хьисэ Тхьэм зэрыщелъэIуар*
*(Маттэ 26:36-46; Лука 22:39-46)*

32Гефсимание* зи цIэ щIыпIэм нэсащ ахэр абы и ужькIэ.
– Мыбдеж фыщыс, сэ Тхьэм селъэIуху, – яжриIащ Хьисэ и
гъуэгу ирикIуэхэм. 33Петр, Екъуб, Иуан сымэ здишэу кIуа нэужь,
Хьисэ нэщхъей хъури, гузавэу щIидзащ.

---

14:24 Сэ си лъыуэ … зэгурыIуэныгъэр зыгъэщыпкъэр – еплъ Маттэ 26:28.
14:27 Тхьэм … и псалъэ тхахэм хэтщ – еплъ Зэчрей бегъымбарым и тхылъым 13:7.
14:32 Гефсимание – еплъ Маттэ 26:36.

34 – СылIэн хуэдэ, хуабжьу согузавэ, – яжриIащ Хьисэ абы-
хэм. – Фымыжейуэ, фысакъыу мыбдежым фыщыIэ.
35 ИтIанэ тIэкIу IукIуэтщ, щIым зридзыхри, хъуну щытмэ,
гугъуехьым и пIалъэр блигъэкIыну Тхьэм елъэIуащ.
36 – Аббэ,* си Адэ. Уэ пхузэфIэмыкIын Iуэху зыри щыIэкъым,
– жиIащ Хьисэ. – Мы гугъуехьым и фалъэр сIых. ИтIани сэ
сызыхуейр мыхъуу, уэ узыхуейр ирехъу.
37 Абы и ужькIэ, Хьисэ и гъуэгу ирикIуэ цIыхуищым я деж
къыщигъэзэжым, ахэр Iурихауэ ярихьэлIэжащ.
– Симон, ужейрэ? – еупщIащ Хьисэ Петр. – Зы сыхьэт за-
къуэкIэ умыжейуэ усакъын пхузэфIэкIакъым, аракъэ? 38 Фымы-
жейуэ фысакъ, гуэныхь щIэным фыдимыхьэхын щхьэкIэ Тхьэм
фелъэIу. Гур мэхъуапсэ, ауэ пкъым хузэфIэкIыркъым.
39 Хьисэ IукIыжри, а псалъэ дыдэхэмкIэ Тхьэм елъэIуащ. 40 Ар-
гуэру къыщигъэзэжым, а цIыхуищыр Iурихауэ кърихьэлIэжащ,
я нэхэр щIилъэфауэ. Абыхэм Хьисэ къыжраIэнур ящIэртэкъым.
41 Ещанэу къыщигъэзэжым, Хьисэ абыхэм яжриIащ:
– Зывгъэпсэхуу фыжейрэ иджыри? Ирикъунщ фызэрыжеяр.
ПIалъэр къэсащ. ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр гуэныхь зыщIэхэм
яIэщIыхьэнущ. 42 Фытэдж! ФынакIуэ, абыхэм сезыгъэубыдынур
къэблэгъащ.

*Хьисэ зэраубыдар*

*(Маттэ 26:47-56; Лука 22:47-53; Иуан 18:3-12)*

43 А дакъикъэ дыдэм, Хьисэ и псалъэр имыухауэ, и гъуэгу
ирикIуэ цIыху пщыкIутIым ящыщу Иудэ, Хьисэ тепщэныгъэ
зиIэхэм езыгъэубыдыну хэтыр, къэкIуащ. Джатэхэмрэ бжэгъу-
хэмрэ яIыгъыу, цIыху гупышхуэ щIыгъут абы. Дин пашэшхуэ-
хэрт, торэт егъэджакIуэ пашэхэрт, нэхъыжьхэрт ахэр къэзы-
гъэкIуар.
44 – Сэ ба зыхуэсщIынуращ жыхуэсIэр. Ар фубыди, фыхуэса-
къыурэ Iуфш, – жиIэри, Хьисэ зэраригъэубыдыну щIыкIэр и
гъусэхэм яжриIат Иудэ.
45 Иудэ къыщысым, Хьисэ къыбгъэдыхьэщ, «Равви»,* жиIэри
ба къыхуищIащ. 46 Хьисэ яубыдащ. 47 Абдежым щытхэм ящыщ

14:36 Аббэ – «адэ» арщ.

14:45 равви – «дин егъэджакIуэр» арщ.

зым и джатэр кърихщ, дин пашэшхуэм и унэIутым еуэри, абы
и тхьэкIумэ лъэныкъуэр къыпигъэлъэтащ.

[48] – ХъунщIакIуэ фубыд хуэдэ, джатэхэмрэ бжэгъухэмрэ
фIыгъыу фыкъыспежьаи? – яжриIащ Хьисэ абыхэм. [49] – Тхьэм
и унэшхуэм сыщIэту, цIыхухэм Тхьэм и псалъэхэр езгъащIэурэ,
сыфхэтащ махуэ къэс, ауэ сывубыдакъым. Мы псори къыщIэ-
хъуар Тхьэм и псалъэ тхахэр пэж хъун щхьэкIэщ.

[50]Хьисэ и гъуэгу ирикIуэ цIыху псори, езыр утыкум кърагэри,
щIэпхъуэжащ абдежым.

*ЩIалэ щIэпхъуэжар*

[51]ЩIалэ гуэр, чэсей хужь ешэкIауэ, Хьисэ и гъусэхэм яхэтт.
А щIалэр яубыдыну пыхьащ, [52]ауэ щIалэм чэсей хужьыр
зауэлIхэм къаIэщIинэщ, яIэщIэкIри, пцIанэу щIэпхъуэжащ.

*Тхьэмадэ Хасэшхуэм и пащхьэм Хьисэ зэрырашар*
*(Маттэ 26:57-68; Лука 22:54-55, 63-71; Иуан 18:13-14, 19-24)*

[53]Хьисэ дин пашэшхуэм деж яшащ икIи адрей дин пашэшхуэ
псори, нэхъыжь псори, торэт егъэджакIуэ пашэ псори абдежым
къыщызэхуэсащ. [54] Петр Хьисэ и ужь жыжьэу иту, дин пашэ-
шхуэм и пщIантIэм нэс кIэлъыкIуащ. МафIэм зригъэууэ, Петр
хъумакIуэхэм яхэст.

[55] Дин пашэшхуэмрэ Тхьэмадэ Хасэшхуэм* щыщ адрей тхьэ-
мадэ псомрэ Хьисэ укI тралъхьэн щхьэкIэ, щыхьэт къалъы-
хъуэрт, ауэ ягъуэтыртэкъым. [56] Щыхьэт нэпцI куэдым Хьисэ
пцIы Iэджи тралъхьэрт, ауэ жаIахэр зэтехуэртэкъым.

[57]Апхуэдэу щыхъум, щыхьэт нэпцI гуэрхэр къэтэджри, Хьисэ
мыр хужаIащ:

[58] – Мы лIым жиIэу дэ зэхэтхащ: «Тхьэм мы и унэшхуэу цIы-
хухэм я IэкIэ ящIар сэ зэхэскъутэнурэ, цIыхухэм я IэкIэ ямы-
щIауэ нэгъуэщI унэшхуэ махуищкIэ зэтезгъэувэнущ».

[59]Ауэ а щыхьэтхэми Хьисэ хужаIэр зэтехуэртэкъым.

[60]Дин пашэшхуэр къэтэджри, утыкум къиуващ.

– Мы лIыхэм уэ къыптралъхьэр сыт? – еупщIащ ар Хьисэ. –
Сыт зыри щIыжумыIэр?

14:55 Тхьэмадэ Хасэшхуэр – еплъ Маттэ 5:22.

[61]Хьисэ, зиущэхуауэ, зыри жиIэртэкъым.

– Уэра Мэссихьу щIыхьышхуэ зиIэ Тхьэм и Къуэр? – аргуэру еупщIащ дин пашэшхуэр Хьисэ.

[62] – Сэращ, – жиIащ Хьисэ, – лъэкIыныгъэшхуэ зиIэ Тхьэм и ижьырабгъумкIэ къыщысрэ пшэхэм хэту къакIуэу флъагъунущ ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр.

[63]Дин пашэшхуэм и щыгъынхэр зэфIитхъащ* абдежым.

– Сыт нэгъуэщI щыхьэт дыщIыхуеижыр? – жиIащ абы.
[64] – Тхьэр зэригъэпцIар зэхэфхащ. Дауэ феплърэ?

Хьисэ укI хуэфащэу жаIащ абыхэм псоми. [65] Язынықъуэхэм
Хьисэ еубжьытхыу щIадзащ. И нэр щапхэри, IэштIымкIэ еуащ.

– Убегъымбармэ, къоуар хэтми къыджеIэт! – жраIащ. ХъумакIуэхэри Хьисэ енэпэфауэрт.

*Петр Хьисэ имыцIыхуу зэрыжиIар*
*(Маттэ 26:69-75; Лука 22:56-62; Иуан 18:15-18, 25-27)*

[66] Петр ищхъэрэ пщIантIэм дэту, дин пашэшхуэм и унэIут
хъыджэбзхэм ящыщ къэкIуащ. [67] Петр мафIэм зригъэууэ щилъагъум, еплъри къыжриIащ:

– Назарет щыщ Хьисэ уригъусэу щытащ уэри.

[68] – Хьэуэ, уэ жыхуэпIэр сэ сщIэркъым икIи къызгурыIуэркъым, – жиIащ Петр. Ар пщIантIэм дэкIри, куэбжэпэм къыщувыIащ итIанэ. Джэд Iуащ. [69]Петр абдежым щыту щилъагъум, абдеж щызэхэтхэм аргуэру яжриIащ унэIут хъыджэбзым:

– Мыр абыхэм ящыщщ.

[70] – Хьэуэ, сэ абыхэм сащыщкъым, – жиIащ Петр аргуэру.

ТIэкIу дэкIа нэужь, абдежым щытхэм Петр къыжраIащ:

– ИпэжыпIэкIэ, уэ абыхэм уащыщщ; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Галилей хэкум ущыщкъэ? Абыхэм я псэлъэкIэу уопсалъэ.

[71] – Тхьэр согъэпцI, жысIэр мыпэжмэ, а фэ жыхуэфIэ лIыр сэ сцIыхуркъым, – жиIэри, тхьэ иIуэу щIидзащ Петр.

[72]Абы ирихьэлIэу джэд етIуанэу Iуащ. Хьисэ къыжриIауэ щыта псалъэхэр Петр игу къэкIыжащ абдежым: «Джэд тIэу мыIуэ щIыкIэ, сэ сыкъыумыцIыхуу щэнейрэ жыпIэнущ». Ар игу къыщыкIыжым, Петр къэгъащ.

14:63 и щыгъынхэр зэфIитхъащ – еплъ Маттэ 26:65.

# 15-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

### *Пилат Iэтащхьэм и пащхьэ Хьисэ зэрырашар*
*(Маттэ 27:1-2, 11-14; Лука 23:1-5; Иуан 18:28-38)*

Нэху зэрыщу, нэхъыжьхэри, торэт егъэджакIуэ пашэхэри,
Тхьэмадэ Хасэшхуэм щыщ адрей тхьэмадэхэри хэту, дин па-
шэшхуэхэм хасэ ящIащ. Хьисэ япхщ, яшэри, Пилат* IэщIалъ-
хьащ.
2 – Уэ журтхэм урапащтыхь? – еупщIащ Пилат Хьисэ.
– Аращ, зэрыжыпIэм хуэдэщ, * – жиIащ Хьисэ.
3 Дин пашэшхуэхэм Хьисэ IэджэкIэ ягъэкъуаншэрт. 4 Пилат
аргуэру еупщIащ Хьисэ:
– Сыт зыри щIыжумыIэр? Къыптралъхьэр зыхуэдизыр плъа-
гъуркъэ?
5 Ауэ Хьисэ зыри жиIакъым. Зыри зэрыжимыIар Пилат игъэ-
щIэгъуащ.

### *Хьисэ укI зэрытралъхьар*
*(Маттэ 27:15-26; Лука 23:13-25; Иуан 18:39-19:16)*

6 Лъэхъуэщым щIэс гуэр IутIыж махуэшхуэ къэс цIыхухэм я
лъэIукIэ щхьэхуиту яхуиутIыпщыжыныр Пилат и хабзэт. 7 А
махуэхэм лъэхъуэщым щIэст Вараввэ зи цIэ лIы гуэр, абы щIы-
гъут зэрыхьзэриишхуэм цIыху щызыукIа и дэрэгъухэр. 8 ЦIы-
хубэр кIийуэ, Пилат елъэIуу щIадзащ зэрихабзэм хуэдэу къа-
хуищIэну.
9 – Журтхэм я пащтыхьыр щхьэхуиту къыфхуэзутIыпщыжыну
фыхуей? – еупщIащ абыхэм Пилат. 10 Пилат апхуэдэу щIеупщIар
дин пашэшхуэхэм Хьисэ ефыгъуэу абы къызэрыIэщIалъхьар
ищIэрти, аращ. 11 Пилат Вараввэ кърагъэутIыпщыжын щхьэ-
кIэ, дин пашэшхуэхэм цIыхухэр къызэщIагъэплъащ.
12 – АтIэ, журтхэм я пащтыхь жыхуэфIэм сыт есщIэнур? –
аргуэру еупщIащ Пилат цIыхухэм.
13 – Жорым еIулI! – къэгуоуащ ахэр.

---

15:1 Пилат – еплъ Маттэ 27:2.

15:2 «Аращ, зэрыжыпIэм хуэдэщ», е «Уэ уи щхьэкIэ жыбоIэ».

[14] – Абы сыт щIэпхъаджагъэу ищIар? – еупщIащ Пилат абыхэм.

Ауэ ахэр нэхъ ину къызэрыгъэгуоуащ:

– Жорым еIулI!

[15]Апхуэдэу щыхъум, цIыхухэм я гуапэ ищIыну хуейти, Вараввэ къахуиутIыпщыжащ Пилат, зауэлIхэр Хьисэ щIопщкIэ иригъауэри, жорым ираIулIыну яIэщIилъхьащ.

*ЗауэлIхэр Хьисэ зэрыщыдыхьэшхар*
*(Маттэ 27:27-31; Иуан 19:2-3)*

[16] ЗауэлIхэм Хьисэ преториекIэ* зэджэ унэшхуэм щIашащ,
адрей зауэлI гупышхуэри абы щызэхуашэсащ. [17] Абэ плъыжь-
фIыцIафэ кIыхь щатIагъэщ, пыжь банэм къыхэщIыкIауэ пащ-
тыхь таж хуащIри, Хьисэ щхьэратIэгъащ. [18] Щхьэщэ хуащIу
щIадзэри, жаIащ: «Упсэу, журтхэм я пащтыхь!» [19] И щхьэм баш-
кIэ еуэу, еубжьытхыу, ягъэлъапIэ хуэдэу защIурэ, абы и пащ-
хьэм лъэгуажьэмыщхьэу итIысхьэу щIадзащ.
[20] ЩыдыхьэшхынкIэ ирикъуа нэужь, абэ плъыжь-фIыцIафэр
Хьисэ къыщахыжри, езым и щыгъынхэр щатIэгъэжащ. Жорым
ираIулIын щхьэкIэ преторием къыщIашыжащ итIанэ.

*Хьисэ жорым зэрыраIулIар*
*(Маттэ 27:32-44; Лука 23:26-43; Иуан 19:17-27)*

[21] Кириние къалэм щыщу, Симон и цIэу лIы гуэр щыIащ.
Ар Александррэ Руфрэ я адэт. Ар губгъуэм къикIыжу блэкI
пэтрэ, хуэзэхэри, Хьисэ и жорыр ихьыну хагъэзыхьащ. [22] Гол-
гофэ жыхуаIэ щIыпIэм яшащ Хьисэ. (Голгофэм къикIыр «Щхьэ
Къупщхьэ ЩIыпIэ» жиIэу аращ.) [23]Абы щынэсым, муркIэ зэджэ
мыстхъу* зыхэлъ санэ Хьисэ хуашиящ, ауэ яIихакъым. [24]Хьисэ
жорым ираIулIащ итIанэ. Пхъэидзэ ящIурэ, Хьисэ и щыгъынхэр
зэхуагуэшыжащ зауэлIхэм, щхьэж къылъысыр и Iыхьэу.
[25]Хьисэ жорым щраIулIар пщэдджыжьым сыхьэтыр бгъум
дежт. [26]Хьисэ жорым щIраIулIар пхъэбгъу кIапэ гуэрым мып-
хуэдэу тратхащ: «Журтхэм я пащтыхь». [27]ХъунщIакIуитI, зыр
ижьырабгъумкIэ, адрейр и сэмэгурабгъумкIэ, Хьисэ щIыгъуу

15:16 преторие – еплъ Маттэ 27:27.

15:23 мыстхъу – «канифоль».

жорхэм щраIулIащ абдеж. [28]Арати, Тхьэм и псалъэ тхахэм хэт
мы псалъэхэр* пэж хъуащ: «Хабзэм текIахэм халъытащ».
[29] БлэкIхэр Хьисэ хуэшхыдэрт, я щхьэхэр ягъэсысурэ жаIэрт:

– Уэра Тхьэм и унэшхуэр зэхэзыкъутэу, махуищкIэ зэтезыгъэувэжынур! [30] УмыкIуэду зыкъегъэлыжи, жорым къыфIэкIыж
уэ!

[31]Дин пашэшхуэхэмрэ торэт егъэджакIуэ пашэхэмрэ дыхьэшхыурэ жаIащ:

– НэгъуэщIхэр мыкIуэду кърагъэлащ, ауэ езым зыкърагъэлыжыфыркъым. [32] Мэссихьу Израилым и пащтыхьыр жо-
рым къыфIрекIыж. Ар тлъагъумэ, фIэщхъуныгъэ диIэ хъунущ.

И гъусэу жорхэм ираIулIахэри къебгырт Хьисэ.

### *Хьисэ зэрылIар*

*(Маттэ 27:45-56; Лука 23:44-49; Иуан 19:28-30)*

[33] Шэджагъуэм* къыщыщIэдзауэ сыхьэтыр щым* нэсыху, а
къэралыр зэрыщыту кIыфIыгъэм щIиуфащ. [34] Сыхьэтыр щым
Хьисэ макъ хэIэтыкIакIэ джащ:

– Элой, элой, лама савахфани?* (Абы къикIыр, «Уэ си Тхьэ, уэ си Тхьэ, утыкум си закъуэу щхьэ сыкъибна?»)

[35]Ар щызэхахым, абдеж щытхэм жаIащ:

– ФедаIуэт, Иляс бегъымбарым йоджэ ар.

[36] Зыгуэр Iулъадэщ, щIыфэр зэраIуэт хъыданым серчэ быдэу
зыщIригъэфщ, баш гуэрым пилъхьэри, Хьисэ хуишиящ щIигъэфыну. ИтIанэ жиIащ:

– Иляс бегъымбарыр къакIуэу къыфIихыжмэ, девгъэплъ.

[37]Макъ хэIэтыкIакIэ джэри, Хьисэ и псэр итащ.

[38]Тхьэм и унэшхуэ кIуэцIым фIэлъ Iупхъуэр и щхьэм къыщыщIэдзауэ и лъабжьэм нэс тIууэ къызэгуэтхъащ абы ирихьэлIэу.

[39] ЗауэлIхэм я пашэу Хьисэ къыхуэзанщIэу щытым, Хьисэ и
лIэкIэ хъуар щилъагъум, жиIащ:

---

15:28 Тхьэм и псалъэ тхахэм хэт мы псалъэхэр – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 53:12.

15:33 шэджагъуэм – еплъ Маттэ 27:45.

15:33 сыхьэтыр щым – еплъ Маттэ 27:45.

15:34 Элой, элой, лама савахфани – еплъ Маттэ 27:46.

– ИпэжыпIэкIэ, мы лIыр Тхьэм и Къуэу щытащ.
[40]Абдеж, жыжьэу къаплъэу, цIыхубзхэри щытт. Абыхэм
яхэтт мыхэр: Магдалэ жылэм щыщ Мэрием, Саломие, Мэрием
зи цIэ нэгъуэщI зыи. Ар Екъуб нэхъыщIэмрэ абы и къуэш Ио-
сийрэ я анэт. [41]Хьисэ Галилей хэкум щыщыIэм, ахэр и гъусат,
дэIэпыкъуэгъуи къыхуэхъуат. Абыхэм нэмыщIуи, Хьисэ и гъу-
сэу Ерусалим къэкIуауэ, цIыхубз Iэджи щызэхэтт.

*Хьисэ и хьэдэр кхъэлэгъунэм зэрыщIальхьар*
*(Маттэ 27:57-61; Лука 23:50-56; Иуан 19:38-42)*

[42] Щэбэтым и пэ къыихуэ мэрем махуэт. Пщыхьэщхьэпэ хъуа-
ти, [43]Аримафей жылэм щыщ Исуф къэкIуащ. А Исуфыр Тхьэ-
мадэ Хасэшхуэм щыщу, щIыхь зыхуэфащэ тхьэмадэу щытащ.
Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр къэсыным пэплъэрт ар. Тегушхуэщ,
Пилат деж кIуэри, Хьисэ и хьэдэр къритыжыну елъэIуащ абы.
[44]Хьисэ зэрылIар Пилат игъэщIэгъуащ. ЗауэлIхэм я пашэр къри-
джэри, «Хьисэ зэрылIэрэ куэд щIа?» жиIэри еупщIащ. [45] Зауэ-
лIхэм я пашэм Хьисэ зэрылIар Пилат щыжриIэм, Хьисэ и
хьэдэр ихьыжыну Исуф хуит ищIащ Пилат. [46] Исуф чэсей хужь
джэбын къыщэхущ, хьэдэр жорым къыкIэрихщ, чэсей джэбы-
ныр иришэкIри, къыр мывэм къыхащIыкIа кхъэлэгъунэм
щIилъхьащ. Кхъэлэгъунэ щIыхьэпIэм мывэшхуэ IуигъэукIурие-
жащ. [47] Магдалэ жылэм щыщ Мэриемрэ Иосий и анэ Мэриемрэ
Исуф хьэдэр зыщIилъхьар ялъэгъуащ.

# 16-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Хьисэ лIахэм къазэрыхэтэджыкIыжар*
*(Маттэ 28:1-8; Лука 24:1-12; Иуан 20:1-10)*

Щэбэтыр блэкIауэ, Магдалэ жылэм щыщ Мэрием, Саломие,
Екъуб* и анэ Мэрием сымэ мэ IэфI къызыпих дагъэ лъапIэхэр
къащэхуащ, кхъэлэгъунэм кIуэуэ, Хьисэ и хьэдэм щахуэн щхьэ-
кIэ. [2] Тхьэмахуэ зэхуакум и япэ махуэм* жьы дыдэу, дыгъэр

16:1 Екъуб – еплъ 15:40.

16:2 тхьэмахуэ зэхуакум и япэ махуэр – тхьэмахуэ махуэр арщ.

къыщIэкIа къудейуэ, кхъэлэгъунэмкIэ яунэтIащ. [3]Абыхэм
жаIащ:

– Кхъэлэгъунэ щIыхьэпIэм Iулъ мывэшхуэр хэт къытхуIуи-
гъэукIуриикIын?

[4] Плъэмэ, мывэшхуэр – ар мывэ ин дыдэт – IугъэукIуриикIауэ
ялъэгъуащ. [5] Кхъэлэгъунэм щыщIыхьэм, щыгъын хужь кIыхь-
кIэ хуэпауэ, ижьырабгъу лъэныкъуэмкIэ къыщысу, зы щIалэ
ялъагъури, къэскIащ.

[6] – Фымыгузавэ, – къажриIащ щIалэм абыхэм. – Назарет
щыщ Хьисэу жорым ираIулIам фызэрылъыхъуэр сощIэ. Ар
мыбдежым щыIэжкъым. Ар лIахэм къахэтэджыкIыжащ! Мы-
ращ зыщIалъхьэжауэ щыта щIыпIэр.

[7]Ауэ фэ фыкIуи, Петррэ Хьисэ и гъуэгу ирикIуэ адрей цIыху-
хэмрэ яжефIэ: «Фэ фяпэ ар Галилейм кIуэнущ. КъызэрывжиIам
тетуи, ар абы щыфлъагъунущ».

[8] ЦIыхубзхэм я гур апхуэдизкIэ хэщIати, кхъэлэгъунэм кIэ-
зызу къыщIэкIыжри, ежэжьащ. Зыми зыри жраIакъым, хуабжьу
шынати.

*Хьисэ Магдалэ жылэм щыщ*
*Мэрием зыкъызэрыригъэлъэгъуар*
*(Маттэ 28:9-10; Иуан 20:11-18)*

[9] Тхьэмахуэ зэхуакум и япэ махуэм, жьыуэ, Хьисэ лIахэм
къащыхэтэджыкIыжым, Магдалэ жылэм щыщ Мэрием япэу
зыкъригъэлъэгъуащ. А Мэриемырат Хьисэ жин бзаджибл
зыхихужыгъар. [10]Хьисэ и гъусэу щытауэ, иджы щыгъуэрэ гъыуэ
къызэхэнахэм я деж кIуэри, къэхъуар Мэрием яхуиIуэтащ.
[11]Хьисэ зэрыпсэур икIи Мэрием ар зэрилъэгъуар щызэхахым,
я фIэщ хъуакъым.

*Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм ящыщ цIыхуитIым*
*закъызэрыригъэлъэгъуар*
*(Лука 24:13-35)*

[12]И гъуэгу ирикIуэхэм ящыщу цIыхуитI губгъуэмкIэ кIуэ
пэтрэ, нэгъуэщI теплъэ иIэу, Хьисэ закъригъэлъэгъуащ итIанэ.
[13]Абыхэм ягъэзэжри, Хьисэ и гъуэгу ирикIуэ адрей цIыхухэм
хъыбарыр хуаIуэтэжащ, ауэ абыхэм я фIэщ хъуакъым.

### *Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм ялэжьын хуей Iуэхуу я пщэм дилъхьар*

*(Маттэ 28:16-20; Лука 24:36-49; Иуан 20:19-23; Апостол. 1:6-8)*

14 Абы и ужькIэ, и гъуэгу ирикIуэ цIыху пщыкIузыр шхэуэ
здэщысым, Хьисэ закъригъэлъэгъуащ. Абыхэм я фIэщ мыхъу-
ныгъэмрэ я ерыщыгъэмрэ щхьэкIи, Хьисэ лIахэм къахэтэ-
джыкIыжауэ зылъэгъуахэм яIуэтэжар я фIэщ зэрымыхъуам
щхьэкIи, Хьисэ абыхэм егиящ.
15 – Дуней псор къэфкIухьурэ, – яжриIащ Хьисэ абыхэм, –
цIыху псори хъыбарыфIым* евгъэдаIуэ. 16 Ар зи фIэщ хъуауэ
зезыгъэумэхъыр* Тхьэм мыкIуэду къригъэлынущ, ауэ зи фIэщ
мыхъур Тхьэм игъэкъуэншэнущ. 17 Мы нэщэнэхэр фIэщхъу-
ныгъэ зиIэхэм ядэфлъагъунущ: Сэ си цIэкIэ цIыхухэм жин
бзаджэхэр къыхахунущ; ямыщIэ бзэхэмкIи псэлъэнущ; 18 я
IэхэмкIи блэхэр къаубыдынущ; ажал къызыхэкIын гуэр ефэкIи,
зыри къащыщIынукъым; абыхэм я Iэхэр зытралъхьэ сымаджэ-
хэр хъужынущ.

### *Хьисэ уафэм зэрыдэкIуеижар*

*(Лука 24:50-53; Апостол. 1:9-11)*

19 Зиусхьэн Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм епсэлъа нэужь, Тхьэм
ар уафэм дрихьеижащ икIи и ижьырабгъумкIэ щысыну зыбгъэ-
дигъэтIысхьащ. 20 Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэр ежьауэ, Тхьэм и
псалъэхэм цIыхухэр дэнэкIи щрагъэдаIуэрт. Абыхэм къа-
дэIэпыкъуурэ, нэщэнэ гъэщIэгъуэну езым и псалъэхэм дыщIи-
гъуу щытахэмкIэ Зиусхьэным а псалъэхэр игъэщыпкъащ. Iэмин.

---

16:16 умэхъыныр – еплъ Маттэ 3:1.